ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЫКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№077 (23.735) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Ныкъусаныгъэхэр къагъэнаІуэ

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шыналъэшагъэмкІэ и советымрэ Хабзэр къыдэгъэпэщыныкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэмрэ хэтхэр мэкъуауэгъуэм и 21-м тепсэлъыхьащ сату Іуэхур къыщыдзэрагъэпэщкІэ бззэрхэм, тыкуэнхэм, жармыкІэхэм, нэгузэгъэужьыпІэхэм хабзэр зэрыщагъэзащІэм, абыхэм шынагъуэншагъэмрэ къабзагъэмрэ зэрыщыкІэлъыплъым.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**. Абы жиІащ иужьрей зэманым мафІэсу къэхъур зэрымымащІэр. ЗэІущІэм хэтхэм абы аргуэру ягу къингъэжащ Кемеровэ къалэм дэт «Зимняя вишня» сату Іуэхущ-ІапІэм къыщыхъуа насыпыншагъэм цІыху 60 (сабий 41-рэ яхэту) зэрыхэкІуэдар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрми дызыпэмыплъа къэхъукъащІэхэр къыщохъу. Псалъэм папщІэ, куэд щІакъым Налшык къалэм дэт «Центральнэ» бззэрым мафІэс къыззэрыщыкІыхъур. Фигу къэзгъэкІыжыщи, нэхъапэІуэкІи, 2011 гъэм, а бззэрым и лыщапІэм мафІэ къыщІэнауэ щытащ. Ди насыпу абыхэм зыри хэкІуэдакъым, - жиІащ КІуэкІуэм. - Сату Іуэхущ-ІапІэхэм цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къыззэрыщызэгъэпэщар мы гъэм ткІийуэ къэтпщытащ. Ауэ зыгуэр къэхъуа иужькІэкъым апхуэдэ лэжьыгъэ щегъэкІуэкІыпхъэр, сыхуейт ар зи кІалэнхэм мы Іуэхум зэпымыууэ я нэІэ трагъэтыну. Къулыкъу ІэнатІэ зыІыгъ дэтхэнэми мы ІуэхумкІэ жуэаупльынгъэ ехь, ар зыщымыгъэгъупщэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ сату Іуэхум екъэлІауэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным КъэхъукъащІэ шынагъуэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжынымкІэ, мафІэс къэмыгъэхъуныр къызэгъэпэщыныжкІэ республикэ комиссэр, КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэр, щІыпІэ самоуправлением и органхэр, хабзэхъумэ ІэнатІэхэр зэрелэжьыр, ауэ щыхъукІи я Іуэху бгъэдыхьэкІэр, кьагъэсбэп Іэмалхэр ирагъэфІэкІуэн хуейуэ къызэрильытэр.

КЪБР-м и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Жекеев Алахберди** жиІащ 2018 гъэм Ростехнадзорым и Къэбэрдей-Балъкъэр кІудамэр я гъусэу Іуэхущ-ІапІэ 64-м мафІэс шынагъуэншагъэр къызэрызэгъэпэщар къызэрыщапщытар, ныкъусаныгъэ куэд къызэрыщагъэщар.

- «Галерея» сату Іуэхущ-ІапІэм мафІэс шынагъуэншагъэм ІущІэзэпауда Іуэху 30-м щІигъу къыщыщІэдгъэщащ. Абы-хэм ящыщт кино гъэлъэгъуапІэм и пэшым къэхъукъащІэ къызэрыхъуам и хъыбар къэзыт Іэмэпсымэ зэрыщІэмытыр, сабийхэм я джэгупІэм и гъунэгъуу ирикІуэ электрокъарум и кІапсэм ныкъусаныгъэхэр зэриІэр, нэгъуэщІхэри, - жиІащ къэпсэльаныр. - Псори зэхэту Іуэхущ-ІапІэм административнэ къэзыдыуэ сом мини 150-рэ хуатхащ. Апхуэдизэ дыдэ Налшык къалэм дэт «Р-Э» ООО-м ипшынащ, Іуэхущ-ІапІитІми къыщыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр ирагъэгъэзэкІуэжащ. Къищынэмыщ-ІауэІ, республикэм и районхэми щылажьэ спорт, щэнхабзэ Іуэхущ-ІапІэхэм, еджапІэхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр щедгъэкІуэкІащ, ныкъусаныгъэ нэхъыбэ къыщыщІэщащ Шэрэдж, Прохладнэ щІынаІъэхэм. Къэбгъэлъэгъуэмэ, псори зэхэту КЪБР-м и Прокуратурэм и ІэнатІэхэм хабзэм щебэкъуа Іуэхугъуэ 330-рэ къыщІагъэщащ.

Жекеевыр щІэхъуэу тепсэлъыхьащ Налшык къалэм и «Центральнэ» бззэрым мэлыжьыхьым къыщыхъуа мафІэсым. Абы зэрыжиІамкІэ, мафІэсым щІыхь щхьэхуэхэм я сату щІапІэу 217-рэ хэкІуэдащ, сом мелуан 49-м щІигъу хэщІыныгъэу иритащ. МафІэсыр къыщІэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ тыкуэнхэр, нэгузэгъэужьыпІэхэр зейхэмрэ ахэр бзджэнду къэзыщтхэмрэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэхэм ныкъусаныгъэ зэрыхъыр, лъэныкъуэхэм я кьалэнхэр гурыІуэгъуэу къызэрыщымыгъэльэгъуар. «ЗэгурыІуэныгъэм наІуэу къыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ бзджэндырылажьэм и мыльку фІэкІуэда нэужь, ар абы зэрыхуапшыныну щыкІэр. «Центральнэ» бззэрым къыщыхъуа мафІэсым си мылькур хисхьахэм я Іуэхур зэхэгъэкІыгъуей хъуащ а щхьэусыгъуэм къыхэкІыу. Дэ ди кьалэнщ хабзэ и лъэныкъуэкІэ бзджэндырылажьэм я хуитныгъэхэр тхъумэну, апхуэдэуи сату Іуэхущ-ІапІэхэр терроризмэм щытхъумэныжрэ мафІэс шынагъуэншагъэр зыхуей хуэзэуэ къызэрызэпэщынымрэ набдзэгубдзапльэу дыкІэлъыплъыну», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ УФ-м цІыхубэ зыхъумэжьныгъэмкІэ, къэхъукъащІэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжынымкІэ и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Надежин Михаил**, КЪБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр **Ахъуэбэч Щамил**, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

КІуэкІуэ Юрий зи щхьэ ІуэхукІэ къекІуэлІа цІыхухэм щаІущІащ УФ-м и Президентым и жылагъуэ екІуэлІапІэу КъБР-м щыІэм

Республикэм и Іэтащхьэм зыкъыщІыхуагъэза Іуэхухэм ящыщщ гугъуехь хэхуа унагъуэхэм ядэІэпыкъуныр, узыфэ хьэлъэ зыпкърыт сабий ныкъуэдыкъуэр дохутыр Іуэхущ-ІапІэм гъэкІуэныр. Апхуэдэу тхьэусыхафэхэр ятеухуауэ щытащ псэупІэ Іуэхухэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным, щІыхуэхэр хущъхьэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщыр гъэтэмэныным, районхэм щыІэ социальнэ Іуэхущ-ІапІэхэм ядэІэпыкъуным.

Тхьэусыхафэхэр дэгъэкІыным хуэгъэза пщэрылъхэр властымрэ управленэмрэ зыхуэфащэ я органхэм ираташ, Іуэхур щызэфІагъэкІыну пІалъэ пыухыкІахэри хуагъэуващ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м кьегъэщІылІа федеральнэ инспектор Мэкъуауэ Т. Э.

Илъэсыр къызэрыунэхурэ псори зэхэту республикэм и Іэтащхьэм зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм щыщу цІыхуи 131-м.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

Рахаев А. И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Егъэджэныгъэм зегъэужьыным, щІэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ Іэщ-ІагъэлІэхэр гъэхьэзырыным хьаруушуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным **Рахаев Анатолий Измаил и къуэм** - «Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэкэмкІэ и и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ-ІапІэм и ректорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м
№93-УГ

Рахаев Анатолий Измаил и къуэр Къыргызыз ССР-м щыщ Фрунзе къалэм 1953 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ.

Налшык дэт музыкэ еджапІэр 1972 гъэм, Римский-Корсаков Н. А. и цІэр зэрихьу Ленинград дэт, Ленин орден зиІэ къэрал консерваторэр 1977 гъэм, аспирантурэр 1981 гъэм къиухащ.

Совет армэм къулыкъу щищІащ.

1981 - 1989 гъэхэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр иІыгъыу щылажьащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием хиубыдэ Іуэхущ-ІапІэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым тхыдэмкІэ, филологиемкІэ, экономикэмкІэ и щІэныгъэ - къэхутакІуэ институтым.

1989 - 1999 гъэхэм Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэкэмкІэ и къэрал институтым и япэ ректору лэжьащ, Налшык къалэ советым и депутату щытащ. 1999 гъэм и фокІадэ мазэм щегъэжьауэ 2004 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм нэсыху УФ-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэщ, 2004 гъэм и фокІадэм щегъэжьауэ 2005 гъэм и мэлыжьыхь мазэм нэсыху УФ-м къэзыбж и палатэм и консультантщ, 2005 гъэм и мэлыжьыхь мазэм щегъэжьауэ 2006 гъэм и мэлыжьыхь мазэм нэсыху Санкт-Петербург дэт Мариинскэ къэрал академическэ театрым и тхьэмадэм - художественнэ унафэщІым и япэ къуэдзэщ.

2006 гъэм и мэлыжьыхь мазэм «Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэкэмкІэ и къэрал институтым и ректору хахьжащ. Ар «Урысей зэкъуэт» партым и республикэ къудамэм и политсоветым хэтщ, КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ хэхьгъэм и депутату щытащ.

Рахаев Анатолий гъуэзджэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. СССР-м и Композиторхэм я союзым, Урысейм и Композиторхэм я союзым хэтщ. Зэныбжьэгъугъэ орденыр, «Санкт-Петербург илъэс 300 зэрырикъум и фэеплъу» медалыр, «Кавказым къулыкъу зэрыщІам папщІэ» фэеплъ дамыгъэр, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «ЩІыхь дамыгъэ» медалыр къаратащ.

КЪБР-м, Ингуш Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ я лажьакІуэщ.

«Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу» зэхьэзэхуэм хэтыну дзэ къулыкъущІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщІэ

Урысей Федерацэм Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и Къаруэм хэтхэм ящыщу бгыльэ щІыпІэхэм къулыкъу щызыщІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ «Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу» зэпеуэм хэтын папщІэ.

КЪЭРАЛ зэмылІэужьыгъуэхэм я армэхэм мы гъэм ирагъэкІуэкІыну зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным хиубыдэу къызэрагъэпэща мы Іуэхур мэкъуауэгъуэм и 27-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 9-м нэсыху екІуэкІынущ.

ЗауэлІ гупэжр зэпеуэнущ къуршхэм гъуэгуанэ пыухыкІахэр щызэпычыныжкІэ, апхуэдэу ахэр Іуащхьэмахуэ дэкІынущ, бгылъэ щІыпІэхэм дзэ къулыкъур зэрыщрахьэжкІым зыкъуагъэсэнущ, дэхуэхахэр къызэрыгагъэл щІыкІэм кІэлъыплъынущ.

Зэпеуэм хэтынущ къэралым и дзэ округ псоми кІэкІахэр, дзэм физкультурэмкІэ и институтым, хьэуа-десант дзэхэм я лЫкІуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

● КЪБР-м и Парламентым

ЩІыгъэфІэнхэр ягъэбелджылы

КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм Мэкъумэш политикэмкІэ, щІыуэпсыр хъумэныжкІэ, ар къэгъэсэбэпыныжрэ щІы ІуэхуэмкІэ и комитетым и унафэщІ Щхьэгъэпсо Сэфарбий щытепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ лей хуащІу щахъумэ щІыпІэхэм теухуауэ» КЪБР-м и хабзэр зэрагъэзащІэм.

КЪЭПСэЛЪАМ къызэрыхигъэщамкІэ, КЪБР-м и Парламентым и унафэкІэ, депутатхэм республикэм и щІыуэпсыр зэрахъумэм пыщІа гурыуехьэм зыщагъэгъуэза нэужь, 2017 гъэм и накъыгъэм ягъэбелджыпащ а Іуэхуэр зи кьалэнхэр зэлэжьыпхьэр. Псом хэмыдзэу зи гугъу ящІыр щІыгъэфІэну (заповедникыу) хагъэщхьэхукІа щІыпІэу 8-мрэ щІыуэпсым кьиГъэщІа фэеплъ 21-мрэщ. Абыхэм я гъунапкъэхэр ягъэбелджылыну кьапэщылъщ.

Мы зэманым ягъэхьэзырыпащ КЪБР-м щахъумэ щІыпІэхэм я гъунапкъэр уБзыхуным теухуа проектыр. Илъэсищ пІалъэм (2017-2020 гъэхэм) ятещІыкІа лэжьыгъэм текІуэдзэнущ сом мелуан 15,9-рэ. «КЪБР-м щахъумэ щІыпІэхэм я дирекц» къэрал Іуэхущ-ІапІэм и мылькукІэ Гуэл щхьэантІэхэр, Малкэ Ищхьэрэ, Тамбукъан щІыпІэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зыуэ щыт къэрал кадастрым ираль хьэпІ папщІэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирагъэкІуэкІащ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиІащ щІыуэпсым и щытыкІэмрэ абы и хъугъэфІыгъуэхэр зэрахъумэмрэ нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъын зэрыхуейр, махуэ кьэс ахэр кьэзэкІухьынырэ, Іуэхур зытетым щІэх-щІэхыурэ зыщагъэгъуэзэнырэ тэмэму къызэрильытэр. Къэбгъэльагъуэмэ, 2017 гъэм административнэ протокол 38-рэ ятхащ, щІыуэпсыр зэрахъумэр къызэрызэпаудам теухуауэ. Къудамэу тралькъар сом мини 114-рэ мэхъу. Къыщыгъэщ ныкъусаныгъэхэр нэхьыбэу епхащ пхъэнкІийр зэрырадзым, щІыпІэ яхъумэхэм Іэщэ яІыгъыу кІуэ зэрыщыІэм, хабзэм кьемызэгъэуу зыгуэрхэр зэрыщащухэм, удзыр зэрагъэсым. ЩІыуэпсыр хъумэныжкІэ лэжьыгъэщхьэ езыгъэкІуэкІэм я гугъу щищІым, ЩхьэгъэпсоИ и цІэр кІуэрыІуащ КЪБР-м ЕГъэджэнкІэ щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ ІуэхуэмкІэ и министерствэм и Республикэ эколого-биологическэ станцым. Іуэхущ-ІапІэм 2017-2018 гъэ еджэгъуэм кьриубыдэу иригъэкІуэкІащ ныжьыщІэ мини 3-м щІигъу зыхэта Іуэхуэр.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании мкІэ и щІыналъэ фондым 2018, 2019-2020 гъэхэм я бюджетым теухуауэ» КЪБР-м и Хабзэм. КЪБР-м и Парламентым Хабзэр зехьэныжьмрэ абы тетыныжкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** и гугъу ищІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуп-ъхъэ зэІэпамыхьныжкІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ» КЪБР-м и Хабзэр зэрагъэзащІэм.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

ЗэхэгъэкІыныгъэ хьэлъэхэм я зэман

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Хэку зауэшхуэм щІидзащ

Дэ псори абы и тхыдэм дыщыгъуазэщ: СССР абрагъуэм зы унагъуи щыпсэуакъым абы и удыныр къыжьэхэмыуауэ. Аращ щыгъуэмрэ фэеплъымрэ я махуэу щІагъуэмри.

ЗЭХЭГЪЭКІЫНЫГЪЭ хьэлъэхэм хэхуа ди къэралым ТекІуэныгъэ Иным уасэшхуэ щІитащ - ди Хэкур бий хьэщхьэрыІуэхэм къэзыщІэгъэкІыжын, абы къыдэкІуэуи Европэри хуит къащІыжын папщІэ ди цІыху мелуан 27-м щигъум я щхьэхэр яГъэтІылъащ.

Советыдзэм зэрихьа лІыгъэр гъунапкъэншэщ икІи тхыдэм зэи хэгъуэщхьэныкуъым. Ди къэралми дуней псоми абы куэд трахыльхь икІи дяпэкІи тражьылъхьынущ. Дэ мы дтхыгъэ кІэщІым къыщыдгъэльэгъуэну дыхуэщІэкъуныкъым цивилизацэм и тхыдэм щынэхъ ину икІи куэщІэгъунщэу щыта ДуейнепсО зауэр зэрекІуэкІамрэ зэриухамрэ - ар тхуэзэфІэкІныкъым. Ауэ нобэ дытепсэлъыхьыну дыхуейт совет цІыхуэхм лъыкІэ хьэха ТекІуэныгъэ Иныр зэрахьэкІыну, абы и мыхьэнэр яГъэлъэшэну, уеблэмэ, фІыщІэр езыхэм зыкІэрацІэлъыну хущІэхъуэхэр куэд зэрыхъуам. Псом хэмыдзэу дызэгуэзыгъэпыр ди къэралым щыщ «тхыдэдж», «литератор», зызыгъэлъагэ нэгъуэщІ цІыхуэхр ди жагъуэгъуэхм зэрадежьурщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, тхакІуэ цІэрыуэ Гранин Даниил жиІащ фашист Германием текІуар щІыпІэмрэ ди дзэзешь акъылыфІэхэмрэ араУэ. Абы зи адэхэр, зи адэшхуэхэр зауэм хэкІуадэхэм, лыгъэшхуэ щызэрахьэу ящІыгъэ зэгугъеГъэп. Япэрауэ, зауэр щІымахуэ зэпыту екІуэкІакъым, ди дзэхэм бийр хагъэщІащ гъэмахуэ зэманхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди сэлэт лЫхъужьхэм я щІыхьыр зыгъэуІупкІну хущІэкъуэхэр пэтми нэхъ мащІэ хъурэкъым.

Дэ и гугъу тщІыхьэнкъым СССР-м и дзэхэм хуит къащІыжа европей къэралхэм, нэхъапэм кьыдэубзэу икІи къыдэдзэщІэу щытахэм, зэрызащІым. Абыхэм ящІщ куэдым зыкъалъытэж езыхэр зыгъэкІэ хилъэфауэ, яхуэфащэн ялъымысауэ. АрщхьэкІэ «ящогъупщэж» Совет Союз лЫщыр мыхьуамэ, языныкъуэхэр дунейм и картэм текІуэдыкІыну зэрыщытар. Псалъэм и хьэтыркІэ, мис а ихьу-ипкІ Польшэр.

ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и гугъу щащІкІэ КъучьэпІэм и къэралхэм я Іэтащхьэхэм нэмыкъкІытагъэ хэлъу Іуэхум и пэжыпІэ зэрахьэкІ. Уеблэмэ, жаІэ хъуащ «етІуанэ фронтыр» зэрызрызэІуахам и фІыгъэкІэ езы СССР-ри Европэри хуит къащІыжа хэт и дежкІи гурыІуэгъуэщ: «етІуанэ фронтыр» къащІызэІуахам щыгъуэ СССР-м езым и щІыналъэхэр хуит къащІыжауэ, мыувыІэу бийм ебгъэрыкІуэрт икІи зыми шэч къытрихьэжыртэкъым Берлин къызэращтэнум.

Пэжщ, СССР-м къыдэщІу Гитлер пэщІэта США-ми Инджылызми псоми я зэхуэдэ текІуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащІащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, а тІури ди къэралым кьыдэдэпыкъащ. Іэщ-ІакІэхъэ, ерысчьыхьмкІэ, нэгъуэщІхэмкІэ. Абы папщІэ, дауи, фІыщІэ яхуэфащэщ. АрщхьэкІэ дигу кьдгъэкІыжынщ ленд-лизымкІэ зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэм тету зыкъызэрыщІагъэкъуар. Абы щыгъуэми нэхъыбэу къащІидзэпыкъуар зауэр иухыным куэд имыІэжщу - абы щыгъуэм Совет Союзыр апхуэдэ дзэпыкъуныгъэм зэрыхуеиж щІыбэхэкІым. Мыри щІыдгъужьщ: ленд-лизымкІэ ди къэралым къытехуэ щІыхуэр илъэс куэдкІэ ипшынащ, уеблэмэ СССР-р кьутэжа иужь абы и хуитыныгъэхэр зыІэрыхьа Урысейм и дежщ щиухар.

АрщхьэкІэ а псори щІыжытІэр Москва, Сталинград, Кавказ Ищхьэрэм, Орёлрэ Белгородрэ я зэхуаКум щекІуэкІа зэхуэхэм ди зауэлІхэм кьыщагъэльэгъуа лЫгъэмрэ хахуагъэмрэ я кьухьэпІэ къэралхэм я щІыхьхэпІэу зэрамыльагъунур кьыхэдгъэщІын щхьэкІэщ. Ди текІуэныгъэм и мыхьэнэр зэи яхуэгъэльэхъшэнукъым - дыщэр ульийркъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

«ЩІыхьым и мафІэ мыужьыхым» деж

Мэкъуауэгъуэм и 21-м сыхьэт 22-м республикэ МВД-м, Урысей ПІэнкъ гвардием КЪБР-м щиІэ кьудамэм, Урысей МВД-м и Краснодар университетым Іэщ-ІагъэмкІэ и Кавказ Ищхьэрэ институтым я унафэщІхэр, абыхэм ядэлажьэ ЖылагъуэкІ зоветымрэ ветеранхэмрэ хэтащ Хэку зауэшхуэр къызэрыхьейрэ илъэс 77-рэ зэрырикъум теухуа «Пщдей зауэ щыІаш» урысейпсо Іуэхум щыщ «Фэеплъым и щэху уэздыгъэ» зэхьихьэм.

Налшык къалэм дэт «ЩІыхьым и мафІэ мыужьых» фэеплъым дэк щызэхуэсат щІыху 200-м щІигъу.

Хэку зауэшхуэм и лЫхьэжьакъм, Хэкур яхьэмэу зи гъащІэр зытахьэм, я кьару емыблэжу пэжьхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу, къызэхуэсахэр дакъикьэкІэ щымащ. ИтІанэ щэху уэздыгъэхэр пагъанэри, «ЩІыхьым и мафІэ мыужьых» фэеплъым удз гъэгъахэр трагъэльащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Европэм и щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэр зыхъумахэр ящыгъупщакъым

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеиуэ щыта махуэр дыгуасэ ягу къыщагъэкІыжащ Іуащхьэмахуэ районым. Зауэм хэкІуэда лІыхъужьхэм я феплъыр здэщыІэ щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэм - Терскол поселкэм сыхьэти 4-м щызэхуэсат КЪБР-м и Правительствэм, Іуащхьэмахуэ районым, Эльбрус поселкэм я администрацэхэм я лЫкІуэхэр, «Іуащхьэмахуэ къэлъыхъуакІуэ гуп» жылагъуэ зэгу хьэныгъэм и лЫкІуэхэр. Ипщэ дзэ округым, Шына гъэнэшагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу КЪБР-ы щыІэм, Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ къэлъыхъуакІуэ-къеГъэлакІуэ гупым хэту къулыкъу зыщІэхэр, Терскол къуажэм щыпсэухэр, егъэджакІуэхэр. Абыхэм я щхьэр хуагъэщхьащ зауэ лъэхъэнэм Кавказыр щхьэмыгъаззу зыхъумахэм.

КЪЭПСЭЛЪАХЭМ кьыхагъэщащ Бахъсэн псыщхьэм щекІуэкІа зауэшхуэр мы гъэм илъэс 75-рэ зэрырикъуар. 1943 гъэм мазаем и 13-м ди зауэлІхэм бийм и штандартхэр Іуащхьэмахуэ и щыгум кьрадзыхьи, абы СССР-м и къэрал ныпыр щІэтэныжауэ щытащ.

А махуэм районым и музейм къыщызэІуахащ «Ахэр Хэкум папщІэ зэуащ» гъэльэгъуэныгъэр. Апхуэдэу жылагъуэхэм я библиотекэхэм щрагъэкІуэкІащ тхыдэм а и напэкІуэцІ хьэлъэм теухуа зэхьихьэхэр.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

«Адыгэ псалъэр» унагъуэ псоми ирырелъ!

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ КЪБР-м ПощТ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ республикэм ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр икІи ар илъын хуэиц дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми. АбыкІэ арэзы къыддэхьуну ди гугъэщ адыгэу зыкъэзыпльытэж псори. Ди бзэкІэ унагъуэм дыщымыпсалъэмэ, адыгэ газет, журнал абы имылъэ, ди щІэблэр, зэрыщыту лъэпкъыр куэдым хэнынуц. Апхуэдэу къэмыхъун папщІэ, ди щІэджыкІакІуэхэр фыкъыхуэдоджэ а Іуэхум фепІащІэкІыну - Іэ тедзэгъуэр мэкъуауэгъуэм и 28-м еух.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и ПощТ Іуэхущ-ІапІэхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэу нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжынущ. Унэм ныфхуахьынымэ «Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапІэр **илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кІэнлейкІэ 48-рэ хъууэ аращ, ар пощтым къыщеІыфхыжынымэ - абы сом 511-рэ кІэнлейкІэ 44-рэ хуоз.**

Ди индексыр 51531

● Зэіущіэхэр

Щымахуэм зыхуагъэхьэзыр

2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щы-махуэ лъэхъэнэм республикэр зэрыхуагъэхьэзырыну щыкІэм теухуа зэІущІэ дыгуасэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗэхУЭСЫМ къекІуэлат министерствэхэм я лЫкІуэкІэр, щыпІэ администрацхэм я Іэтащхьэхэр, «Къэбалъкъэнерго», «Газпром Налшык зэхэхьыпІэ» Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щыщІидзэм Бэлэтокъуэ Владимир къыхигъэщащ бжьыхьэщымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр.

- Илъэс кІуам дыхуэхьэзыру ди гугъа щхьэкІэ, иужькІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху шынагъуэхэр къыкъуэкІыжауэ щытащи, мы гъэм а лэжьыгъэм нэхъ дегугъуэм уэкІуэ. И Федеральнэ Іэнатіэм КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **Джэду Мурат**, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацием и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Ашэбокъуэ Анзор** сымэ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Зыри тщыгъупщакъым

Илъэс 74-м щІигъу дэкІа иужь

БлэкІар бджыныр, абы егъэщІылІауэ пэжыр къэбгъуэтыныр сыт щыгъуи щІыхь зыпылъщ. Псом хуэмыдэу ар Хэку зауэшхуэм, абы ди зауэлІхэм щыІэзрахьа лІыхъужьыгъэм щыхуэгъэзам и деж.

ДИ НАСЫПЩИ, щыІэщ а Іуэху дгуэззэджэм зи гуащІэ езыхьэлІэ цІыхухэр. Шэч хэмылъу, мыбдеж япэ щигъэщІыгъэхэм ящыщщ зэадзэзэпхъур - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэ №2-м КъБэрдей-Балъкъэрым щиІэ 2-нэ щІыналъэ зэхуаку инспекцэм и къудамэм и инспектор нэхъыщхьэ Нэхущ Ахьмэдэрэ абы ипхъу, КъБКъУ-м щеджэ Дианэрэ. А цІыху жыджэрхэм я сабэпкІэ тхыдэм къыхэщыжащ зи гугъу тщІы зэхэгъэкІыгъуэ лъэхъэнэм ди лъахэгъуэм щыІэзрахьа лІыхъужьыгъэ иджыри къэс дызыщымыгъуэзахэр.

Иджыблагъэ ди редакцэм къыщІыхьащ Зеикъуэ къуажэм дэс бзылъхугъэ - Мэршэнкъулэх я нысэ Марьят. Ар лъаІуэрт Хэку зауэшхуэм хэкІуэда и адэ Шыд Тембот Мыхьэмэт и къуэм теухуа тхыгъэ къытеддзэну. ТегъэщІапІэ ищІри Нэхущхэ къатІэщІыжа хъыбархэрт. А лъэІур ди гуапэу догъэзэщІу.

Шыд Тембот 1900 гъэм къыщалъхуащ Налшык округым хыхьэ Хьэтіохъущкъуэй Езанэ къуажэм (мы зэманым КъБР-м и Бахъсэн щІыналъэм хиубыдэ Зеикъуэ жылэрщ). Мамыру лэжьащ, псэуащ, 1942 гъэм гъатхэпэм и 18-м дзэм ираджэхукІэ. Ар хагъэхьащ Ворошиловск къалэр зи хэщІапІэ 15-нэ шу полкым.

Тембот зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ. Абыхэм ящыщ зым ди дзэхэм хэщІыныгъэ хьэлъэхэр щагъэщащ. Икіи, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абдеж 1943 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м щыхэкІуэдахэм ящыщщ зи гугъу тщІы адыгэлІри. ЯтэщІыкІэ ар щыщалъэхьащ Кърым АССР-м щыІэ Хьэджымыкъуей (Аджимушкай) къуажэм дэт курыт еджапІэм и Іэшэлъашэм. ИужькІэ абы и хьэдэр игъэІэпэхьуащ Керчь къалэм.

2018 гъэм гъатхэпэм и 13-м Нэхущ зэадзэзэпхъум «Ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» ООО-м и Кърым къудамэм и тхьэмадэ, полковник Кочетков А. В. лъэІу тхылъкІэ зыхуагъэзащ, ди лъахэгъуэм и хьэдэхъупщхьэхэр щыщІалъхьэжа щІыпІэм мыпхуэдэу тратхэну: «Зауэлі Шыд Тембот Мыхьэмэт и къуэр. 1900 - 11. 11. 1943 гъгъ.» жиІэу. КьищынэмыщІауэ, лІыхъужьым и цІэр тратхащ зауэм зэкІуэдахэм я фэепль сыну Зеикъуэ къуажэм дэтми.

Апхуэдэуи зэІущІэм хэта хьэщІэ лъалІэкІэ Іэджэрэ зэхэтхыну НСФЛ-м и пещдзэлъхэр.

КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн ехъуэхъуащ университетым и унафэщІхэмэ абы и студентхэмэ. Ди республикэм Футболымкіэ и федерацэм и президент Мэшыкьуэ Аслъэн къыщыпсалъэм Ухуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкіэ министрым и къуэдзэ **Гъэсашэ Жамбулэт** къыщыпсалъэм кьыхигъэщащ псом япэ зи ужь ихьэн хуейр гъэсыныпхъэм, уэздыгъэм, псым я уасэр кьыхэхыжыныр зэрыарар. Унэхэр щагъэплъ лъэхъэнэр имыух щыкІэ къалэ, щыналъэ администрацхэр псэуалъэ фондымрэ инженер инфраструктурэмрэ техникэ и лъэныкъуэкІэ я щытыкІэм зэрыкІэлъплъам, дызыхуэкІуэ бжьыхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм кьахутам ипкъ иткІэ зэрызыхуагъэхьэзырыну щыкІэм и план зэрызэхагъэувами тепсэлъыхьащ. Абы зэрыжиІамкІэ, сом мелуан 577-рэ хуейщ лэжьыгъэхэр ириизфІахьну. Ахэр жэпэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу зэофІэкІын хуейщ.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсалъащ УФ-м экологие, технологие, атом кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Федеральнэ Іэнатіэм КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **Джэду Мурат**, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацием и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Ашэбокъуэ Анзор** сымэ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

ДжэгугъуитІми зыкъом зэхагъэкІыф

Футболымкіэ XXI дунейпсо чемпионатым хэт языныкъуэ командэхэм япэ джэгугъуитІыр яхурикъуащ зыхэт гупым екъуЛІэныгъэкІэ къыхэкІын папщІэ. Ар псом япэу къехъулІащ Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам. КъыкІэлъыкІуэ махуэхэм ди щІалэхэм яужь къиуващ Уругвайр, Франджыр, Хорватиер.

УРЫСЕЙ Федерацэр зыхэт «А» гупым апхуэдэу тыншу икІи псынщІэу Іуэхур щызэхэкІыну хуэгъэфащагъуейт. Арщхьакіэ ди щІалэхэм, даэзрыщымыгугъауэ, хуабжу лъэщу ирагъэжьащ икІи Сауд Хьэрычырмрэ Мысырымрэ я футболист нэхъыфІхэр зэрыхагъэщІам и фІыгъэкІэ, зэи къэмыхъуауэ, ахэр зыхэт гупым къыхэкІыфащ.

Футболист лъэрызехьэ дыдэ зыбжанэ зыхэт Уругвайми ар къыздэхъулІэнэнур нэрылъагъут. Арщхьакіэ, дыдейхэм хуэдэу, бжыгъэщхъуэкІэ ар я хьэрхуэрэгъуэхэм текІуэфакъым. Ауэ джэгугъуэ къэс щыдигъэкІа топ зырызри абы хурикъуащ и пэщІдзэ къалэнэр игъэзэщІэн папщІэ. Иужьрей зэІущІэм къыщыхэжаныкІащ Суарес Луис.

«В» гупми наІуэ щыхъуэ хуэдэщ адэкІэ кІуэтэнухэр. Фигу къэдгъэкІыжынщи, ахэращ Урысей Федерацэмрэ Уругваймрэ финалым и 1/8-нэ Іыхьэм хьэрхуэрэгъу къащыхуэхъуну. ПщІэдзэ зэІущІэм зэрытемыгъэкІуауэ щызэбгъэдэкІыжа португалхэмрэ испанхэмрэ къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэм ефІэкІащ Мароккомрэ Ираныбмрэ къыкІахэм. Абыхэм топ зырызыр яхурикъуащ и хьэрхуэрэгъуэхэр хагъэщІэн папщІэ. Португалием и командэ кІэхъухэм и капитан Роналду Криштиан аргуэру къыхэжаныкІащ икІи, топиплІ дигъэкІауэ, гъуащхьэуэхэм я зэпеуэм щыпашэщ.

Сыт щыгъуи Роналду и хьэрхуэрэгъу лъэпкъ Месси Лионель и Іуэхуэхэр куэдкІэ нэхъ хэплъэгъуэщ. ФутболымкІэ XXI дунейпсо чемпионатым ар зэкІэ къыздэсыщыхьэмыжьаныкІыфам и щІыІуэжкІэ, зи пашэ Аргентинэрэ зэхъэзэхуэм пасэу къыхэкІыну щынагъуэшхуэ щыІэщ. Вэсэпшыхь ар Хорватием бжьгъэшхуэкІэ, 0:3-уэ, къыхигъэщІащ икІи зыхэт гупым къыхэкІыныр зэлъытар иджы езым и заохъуэхьам, пэщІдзэ зэІущІэми Исландием зэрыщыпэмыйэщар къэпльытэмэ. Очкомк хэзыхьа хорватхэр финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуащ.

«С» гупым бжьыпэр щиубыдри, адэкІэ кІуэтащ Франджыр. ЕтІуанэ джэгугъуэми абы текІуэныгъэр (иджы Перум) къыхихьащ гъуащхьауэ щІалэщІэ Мбаппе. КІэух зэІущІэм зы очко закъуэ къыщцихьжмэ, финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуэфынущ Даниер. Абыхэ Австралиемрэ зэрытемыгъэкІуауэ, 1:1-уэ, вэсэмахуэ зэбгъэдэкІыжащ.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зыхэт гупым адэкІэ кІуэтэнухэмрэ я унэ кІуэжьнухэмрэ щызэхэкІа пэтми, зэкІэ наІуэжьым япэ увыпІэр зыІэрыхьэнур. Ар щызэхэкІынур дызыхуэкІуэ блыщьэрращ. Абы и пщыхьэщхьэм дыдейхэмрэ Уругваймрэ ягъэбелджьылынущ бжьыпэр зыубыдынур. Арщхьакіэ а Іуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иІэну къыщІэкІынкъым, сыту жьпІэмэ, хьэрхуэрэгъу къаухуэхуэфыну Испаниемрэ Португалиемрэ зэуихэдэн яхэтхъым - апэр дуней псоми Европэми зэрыщытекІуэрэ куэд щІакъым, етІуанэр ди континентым и иджыпей чемпионщ.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.
Суэрэтым: **дуней псом и футболист нэхъыфІ Месси Лионель и Іуэхуэхэр Урысейм щыщІагъэхъым.**

Гупым и гуфІэгъуэр даІыгъ

Къэбзрдей-Балъкъэр къэрал университетым и гупыр Урысейм и лъэпкъ студент футбол лигэм (НСФЛ) и япэ зэІущІэм щытекІуащ. ЗэфІэкІ хъарзынэ къэзыгъэлъэгъуа командэм и гуфІэгъуэр даІыгъуу иджыблагъэ зэхуэсат КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр, абы щеджэхэр, кърагъэблагъа хьэщІэхэр.

ГУПЫМ хэтхэм екъуэхъуну къэкІуащ НСФЛ-м и президент Стукалов Андрей. «Мы текІуэныгъэм иджыри куэд къыкІэлъыкІуэну си гуапэщ, «КъБКъУ-р чемпионщ» псалъэхэр дяпэкІи Іэджэрэ зэхэтхыну сыщогугъ», - жиІащ хэущІэм. «Лигэм и ректор нэхъыфІ щІыхьыщІэр къыздэсыхуагъэфэщащмкІэ екъуэхъури, Дунейпсо студент футбол лигэм къыбгъэдэкІ фэеплъ пщэдзэпльэр иритащ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий. Апхуэдэуи зэІущІэм хэта хьэщІэ лъапІэхэм хуагъэфащащ НСФЛ-м и пщэдзэлъхэр.

КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн екъуэхъуащ университетым и унафэщІхэми абы и студентхэми. Ди республикэм Футболымкіэ и федерацэм и президент Мэшыкьуэ Аслъэн къыщыпсалъэм кьыхихэзащ Къэбзрдей-Балъкъэрым футболым зэрызыщІужьыр, ар нэхъыбэу зи фІыщІэри университетым и гупыр зэрыарар.

КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий жиІащ университетым и футбол командэр зэрыджэгур зыбжанэрэ зэрилъэгъуар, и Іэзагъэм иригушхуэну Іэмал зэриІар. «Сэ псоми фІыщІэ фхуэощІ джагукІэ гъэщІэгъуэн зэрыдгъэльэгъуам папщІэ. Премьерлигэм фи къару фемыблэжу фыщыджэгуну сыфщогугъ», - жиІащ ректорым икІи къыщІызэхуэса гупым и саугъэтыр яритащ - ар КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ и базэм махуигплІкІэ зэрызыщагъэпсэхуну сертификатырщ.

Гупым и тренер нэхъыщхьэр университетым и спорт клубым и унафэщІымрэ абы и къуэдзэмрэ я зы мазэ хуэдизу хуэзэ хуэхъуа саугъэткІэ ягъэльапІащ. Футбол командэм и капитаныр НСФЛ-м и япэ лигэм и кубокыр, абы хэт дэтхэнэ зы спортсменми дыщэ медаль иратащ.

Футбол командэм хэтхэм кьызэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап щратащ зэІущІэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

Іейм щахъумэн папщІэ

«Зыгъэпсэхугъуэр Жылагъуэ советым щыІагъу» урысейпсо Іуэхум хыхьэу, Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ Управленэм балигъ мыхьуахэм я Іуэхухэмкіэ и къудамэм и лэжьакІуэхэр. УМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Тхьэщыгугъ Эллэ ящІыгъуу, щыІащ республикэм и район зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа сабийхэм зыщагъэпсэху «Радуга» санаторэм.

ХЬЭЩІЭХЭР ныбжьыщІэхэм епсэлъащ узыншагъэр зэрахъумэнум теухуауэ, гу лърагъэтащ шынагъуэншэу зыгъэпсэхугъуэ пІалъэр зэрыгъэкІуэкІынум.

Тхьэщыгугъ Эллэ ныбжьыщІэхэр къыхуриджащ къарууфІэ хъуауэ гъэеджэгъуэщІэм щІадзэжьын папщІэ физкультурэмрэ спортымрэ жыджэру хэтыну, тэмэму шхэну.

Налшык къалэм щыІэ УМВД-м балигъ мыхьуахэм я Іуэхухэмкіэ и Іэнатіэм и унафэщІ Уэсмэн Мухьэрбийрэ Управленэм и юрист Лъостэн Каринэрэ балигъ мыхъуа ныбжьыщІэхэм жраІащ хабзэр къызэпызыудэр административнэ, уголовнэ жэуапым зэрырашалІэр, ямыщІыхуэм зыщаддзэин, сакъын зэрыхуэфІр.

ЗэІущІэм хэтахэм жэуап ираташ зызыгъэпсэхуэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ зыщІэупщІахэм.

Мы Іуэхум адэкІи пащэнущ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 23, *щэбэт*

♦Дунейпсо Олимп махуэщ. 1894 гъэм Париж щекІуэкІа конгрессым, Пьер де Кубертен и жэрдэмкІэ, унафэ кьыщащтащ Дунейпсо Олимп комитет къызэгъэпэщыным теухуауэ, илъэсиплІ къэс зэ Олимп джэгуэр ирагъэкІуэкІыну трауху эжащ.

♦ООН-м къэрал къулыкъу щІэным и дунейпсо махуэщ

♦Фызабэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Къэзахстаным и полицэм и махуэщ

♦Молдавием и къэрал щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм Молдавие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщащ республикэм и суверенитетым теухуа декларацэр.

♦ЭстониемщагъэлъапІэ я ТекІуэныгъэм и махуэр. 1919 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м эстон армэм Вынну къалэм деж щызэтриікъутащ Латвием и къалащхьэ Ригэ зыубыдауэ ЭстониемкъебгъэрыкІуэ нэмыцкІэдзэр.

♦1860 гъэм США-м и щэхурылажьэ Іуэхущ1апІэр къызэрагъэпащ.

♦1868 гъэм зэрыбкІэ зэрытрадзэ машинкэр къагупсысащ.

♦1930 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием экономикэмкІэ и институтыр.

♦1934 гъэм Кремлым щагъэлъэпІащ Лъыхъужьхэр. Лениным и орденымрэ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къэралым щыяпэу къызэрыфІащ щыІэм теухуа тхылъымрэ иратыжащ къуэхьлъатэзехуэ Ляпидевский Василий. Апхуэдэуи ЛІыхъужь цІэр зыфІащахэу Молоков Василий, Каманин Николай, Леваневский Сигизмунд, Водопьянов Михаил сымэ, нэгъуэщІ-хэри ягъэлъэпІат а махуэм.

♦1941 гъэм, зауэм и етІуанэ махуэм, Къэсейхьэблэ щыщ Тхьэмылокъуэ Хьэсэн Къуэхьэпіэ Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихъумэу ЛІыгъэ хэлъу и Іащ1эр итащ; гранатэхэр щІэпхуэу фашист танкым зыщІидзэри, ар икъутащ, езыри хэкІуэдащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм щІадзащ Белоруссием и щІыналъэр фашистхэм кьанэ щымыІэу къаІэщІэгъэкІыжьыным теухуа, «Багратион» зыфІаща ебгъэрыкІуэныгъэм.

♦2016 гъэм Инджылызым референдум щекІуэкІащ икІи абы кърикІуахэм япкъ иткІэ унафэ кьащтащ къэралыр Европэ Зэгухьэныгъэм къыздэсыхэкІыжьым теухуауэ.

♦Урыс усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, литературовед, Нобель и саугъэтыр хуэфащуэ ягъэлъэгъуэхэм ящыщ **Ахматовэ (Горенко) Аннэ** къызэралъхуэрэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псэпащІэ, КъШР-м гипс къыщыщІагъэкІыу щыІэ заводым и унафэщІ **Аргун Олег** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыІэхь зиІэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэмыргуей Валентин** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦«ВиД» телекомпанием и президент, «Взгляд» нэтыным и къызэгъэпэщакІуэхэм яхэта **Любимов Александр** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьакІуэ, УФ-м щыІэхь зиІэ и артист, ШэшэН Республикэм и цІыхубэ артист **Меладзе Валерий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ футболист цІэрыІуэ, Мадрид и «Реал» клубым и тренер нэхъыщхьэу щыта **Зидан Зинедин** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 24, *тхьэмахуэ*

♦ТекІуэныгъэм и Парадыр щекІуэкІа махуэщ. 1945 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым ирикІуащ СССР-р Германием зэрытекІуам и щІыхькІэ зэзэгъэпэща парадыр.

♦Чувашие Республикэм и махуэщ

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ машинэ зыщІ промышленностым и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦1812 гъэм франджы император Наполеон Бонапарт и армэр, Неман псыр къызэпиупщІри, Урысей империем къызэрыгащ - 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэ фІэщыгъэр иІэу ди тхыдэм хьыхьа зэпэщІэтыныгъэшхуэм щІидзащ.

♦1930 гъэм радар Іэмэпсымэр япэу къагъэсэбэпащ, уэгум ит къэхъулъатэм зыпащІэн папщІэ.

♦1934 гъэм Киев Украинэм и къалащхьэ хъущ. Абы и пэкІэ а республикэм и щыхьэру щытар Харьковт.

♦1937 гъэм Республикэм и Советхэм я зи мычэзу съездым кьищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ Конституцэр.

♦1941 гъэм къызэрагъэпэщащ Совет хъыбарегъащІэ бюрор. Аращ фронтым щекІуэкІхэм цІыхубэр щыгъуазэ зыщІу щытар.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Ладыниндэ Маринэ** къызэралъхуэрэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ **КІэрашэ Зейнаб** къыщалъхуа махуэщ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щыхь зиІэ и дохутыр **АфІэунэ Алий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, режиссёр, УФ-м, Абхъазым, КъБР-м гъэзджэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Фырэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Ди зэманым и футболист нэхъыфІ дыдэхэм хабжэ, Аргентинэм и командэ кьыхэхам и капитан, Испанием и «Барселона» клубым щыджэгу **Месси Лионель** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 25, *блыщхьэ*

♦УФ-м и Статистикэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Словение, Хорватие Республикэхэм я къэралыгъуэхэм я махуэщ. 1991 гъэм ахэр Югославием къыгуэкІащ.

♦Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ и махуэщ

♦1876 гъэм Америкэм щыщ бдзэжьеящэ Енсен Альфред, дунейм щыяпэу, и закъуэу къхъыкІэ Атлантикэ хым зэпрыскІащ.

♦1946 гъэм СССР-р Футболымкіэ дунейпсо федерацэм хыхьащ.

♦1987 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ къыщащтащ къэралым экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыным теухуауэ.

♦Театрымрэ кинормрэ я актёр, егъэджакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Филозов Альберт** къызэралъхуэрэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хъурей Леоренэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщІ **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъыл зиІэр бущиймэ, фІыщІэ къыпхуищІынщ, акъылыншэм ауан укъищІынщ.

● Зэпеуэ

Лэжьыгъэм хуэІэижьхэр

«КъБР-м и ГПС-м и къэрэгъул нэхъыфІ» зэпеуэ щекІуэкІащ МафІэсгъэункІыфІ часть №14-м (Анзорей къуажэ). Абы хэтащ мафІэсым зыщыхъумэнымкІэ Іэнатіэ псоми я лІыкІуэхэр.

ІЫХЬИПЛІУ зэхэт зэпеуэр ирагъэкІуэкІащ я къалэным зэрыхуэхьэзырыр къалъытэн икІи Іуэхущ1апІэм и къэрэгъулым и унафэщІ нэхъыфІр къыхахьи мурадкІэ.

Зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Лэскэн районым и Анзорей къуажэм дэт мафІэсгъэункІыфІ часть №14-м и плъыр къэрэгъул №91-м и унафэщІ Иуан Тимур. ЕтІуанэ увыпІэр къыхащ мафІэсгъэункІыфІ часть №9-м и плъыр къэрэгъул №2-м и унафэщІ Кэуэ Алим, а Іэнатіэ дыдэм и плъыр къэрэгъул №4-м и унафэщІ Кърдэн Исмэхьил ещанэщ.

Иуан Тимур 2009 гъэм къызэрыгуэкІ мафІэсгъэункІыфІу Аруан районым и Старэ Шэрэдж къуажэм дэт мафІэсгъэункІыфІ часть №21-м лэжьэн щыщІидзащ, мыгувэу ар къудамэм и унафэщІ уэхуэ. ИльэситІ и пэкІэ Тимур пэрыващ мафІэсгъэункІыфІ часть №14-м и плъыр къэрэгъулым и унафэщІ кулыкъым.

И Іэщ1агъэкІэ нэхъыфІ цІэм щыщІэбэн зэхьэзэхуэм Иуаныр иджы етІуанэу хэтащ. ИльэситІ и пэкІэ пашэхэм яхэмыхуами, иджырей зэхьэзэхуэм сыт и лъэныкъуэкІи нэхъыфІу зыкъыщигъэльагъуэри текІуэныгъэр къихьащ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м и ГПС-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Адыгэ Іуэхум игъэпІейтейхэмрэ ирисондэджэрхэмрэ

● Тхылъхэм къаІуатэ

Иужьрей мазэ зыбжанэм сызэджа тхылъищым я гугъу фхуэсщІынут. Абыхэм я зыр романщ, етІуанэ - хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ зэхуахьэса тхыгъэхэщ, ещанэр - монографиещ. Тхыгъэхэр зэмылІэужьыгъуэми, ди лъэпкъым зэрытеухуам зэрешалІэри, сыдигъуэ фэри мы тхылъхэм «фыхэзгъэджыхьыну».

«Кавказыр зрагъэбгынахэр»

НАЛШЫК, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм, 2002 гъэм къыщыдэкІащ «Изгнанники Кавказа» тхыдэ романыр. Ар зытхар Нажжар Александдр.

Мы щІалэр 1967 гъэм Бейрут (Ливан) къыщалъхуащ, лъэпкъкІэ адыгэщ, ауэ езыр, дунейм и цІыхуц хужьпІэну, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зэфІэкІ зиІэ уэчылпц, тхакІуэщ, журналистщ, критикщ. Юрист щІэныгъэр щызэригъэгъуэтар Парижщи, Александр а кІалэмрэ Бейрутрэ щопсэу, щолажьэ.

ГъэщІэгъуэн куэд хэлъщ Александр и гъащІэм. Илъэсибгъум итху итхащ и япэ романыр, илъэс 13 щрикъум езым и газет къыдигъэкІыу щІидзащ, ар ЮНЕСКО-м и Юридическэ комиссэм хэтщ Ливаным и лыкІуэу, «Бейрут - хьэрыпІэхэралхэм я щэнхабзэ кьалащьхэщ» фІащауэ илъэс кьэс ирагъэкІуэкІ Іэхуэхэр къызэрагъэпэщ абы и нэІэ щІэту, Александр и жэрдэмкІэ къагъэщІэрэщІэжащ Ливаным и Лъэпкъ библиотекэр, езым къызэрэпэщащэу щэнхабзэмкІэ фонд егъэлажьэ. Нажжар илъэсым и тхакІуэ зэ хъущ, Париж усыгъэмкІэ и саугъэтыр, Испанием и орден кьыхуагъэфащащ, литературэмкІэ Амстердам и саугъэтыр, нэгъуэщІ куэди иІащ, и зэфІэкІымрэ пщІэуэ къыхуащІымрэ зыхуэдизыр къагъэльагъуэру. Ауэ а псор кьезмыбжэкІыу и романымкІэ згъэзэжыну сыхуейт.

1995 гъэм Парижи щытрадзащ «Изгнанники Кавказа» романыр. ФранджыбзэкІэ къыдэкІа тхылъым урысыбзэкІэ дызэрреджэфыр зи фІыщІэр тхыдэ щІэныгъэкІэ я кандидат Мэлбахъуэ Къэралбийдж. Тхылъым и редактоу щытар Елевтеров Константинрэ Котляров Викторрэщ, псалъэпэр итхащ Котляровэ Марие, кІэух псалъэр - Мусукаев Александррэ Мэлбахъуэ Къэралбийдж. Мыбыхэм я цІэр кьыщІыхэзгъэщІыр адыгэхэм я тхыдэм, Урыс-Кавказ зауэм щымыгъуазэм зи гугъу сщІы тхылъыр кьыІэрыхьэмэ, ар зытеуухуар гурыІуэгъуафІэ ящІу ятхар зэрыкупщІафІэрщ.

Езы Александри мы романым еІаІэу зэрызыхуигъахьэзырам и щыхьэтщ залымыгъэм хуагъэкІуа политикэри (Урысей, Уэсмэн империяхэм, Инджылызымрэ Франджымрэ зэрытемыгъакІуэу), Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я щхьэ хэрикІуарэ, нэхъ пыухыкІауэ зытетхыхь адыгэхэм я дунейр, хьэл-щэныр зыхуэдизыр кьызэриІуэтэж щІыкІэр.

Езым а гуэзвэгъуэ псор и нэгум щІэкІам хуэдэу, «къеГъэпсалъэ» а лъэхъэнэм дунейр зыхуримыкъуа политикэри, Хэкъури лъэпкъри зэрызэтещдахэр зи псэкІэ зытеэвэри, уеблэмэ и лЫхьжьыкъм ящыщ Мансурэрэ Чэлимэтрэ щакІуэбзэкІэ зоІущащ, бийм кІэлъыплъу мэзым здыщІэсым. ГъэщІэгъуэнкъэ «щакІуэбзэ» хуэдэ щыкІуфэкІуэхэм дежь кьыщыщІадзауэ Пушкин и усэм щыщ «Смирись, Кавказ, идёт Ермолов!» псалъэхэм щыщІэкІыжу зэрыщыгъуаззэр. Аращ романым зыхуигъахьэзыращ, жьыуэсІэр. Абы щыхьэт тохьуэ нэгъуэщІ куэди.

...Бейрут зыщызыпІыхьэ журналист щІалэм фІэгъэщІэгъуэн мэхъу тхьэрыкъуэхэр зыгъэльэтэ лЫр. Ахэр апхуэдизкІэ кьыхуэжьыІэщІэщи, спектакль кьагъэльагъуэу кьыщІохьу щІалэм икІи мурад ещІ ахэр зыгъэсэфар зригъэщІыхуну. Лым ар и гуапэ мэхъури, жеІэ: «Иджыри къэссыщІэпэгэн сиІакъым, ар сыщымыпсэуа зэманымрэ сызытемыплъа щымыльэмрэ кьыщыхнащ».

- Уи блэкІам кьыщыпнауи?

Зэхэпх къудейуэ, жэуап кьрет:

- Сэ сыадыгэщ... БощІэ, пэжкъэ, черкесхэр хэтми?

- Черкесхэр жыпІа?

Кьэйсэр (аращ тхьэрыкъуэхэр зи гурыфІыгъуэ лЫм и щІэр) кьыгурыІуащ нэІуасэ кьыхуэхъуа щІалэщІэм черкесхэм зыри зэрахимыщІыкІыр. Аращи, жреІэ и лъэпкъыр Кавказым зэрыщыпсэуар, абыхэм хэхэс хъуныр нэхъ зызэращтар, бийм и бжьым щІэувэу я хуитыныгъэр яфІэкІуэд нэхъ ІэущІ.

ЩІхьэхуитыныгъэр кьыхэзыхахэм щыщыщ Александрыр хамэщІым кьыщІыхуащи, гуитІщхьитІу дунейм тетщІ: библиотекэм щолажьэ, абы кьыщыдэкІыж - тхьэрыкъуэхэм яхэтщ. А тхьэрыкъуэхэм ещхьщ езыри. Ахэр здыхуейм лъатэу кьыщІыпхьу щхьэкІэ, зыгъасэм и Іэгум ис тхьэрыкъуэ анэр кьызэралъагъуэу, псори кьэлъэтэжынущ. Кьэйсэри щхьэхуит хуэдэщ, ауэ къэзыхуэрееихь псори хамэщи, и псэр кьрехьэкІ. Хэкур зыбгынахэм я гукъеуэр зэхэзыха, я нэпсыр зыльъэгуа щІалэр а гуаэм иПыІта-иПыІтауэ щытщ.

Тхьэрэ романым Нажжар Александр хигъэуващ XIX-XX ЛІэщІыгъуэхэм Кавказым, Урысейм, Тыркум, Франджым, Инджылызым, Сириеи, Иорданиеи, нэгъуэщІ къэралхэми тетыгъуэр щызыІыгъахэм, дзэзешэхэм, тІасхъэщІэхэм, зыплъыхьакІуэхэм ящыщу фІыуэ дызыщыгъуаззэкІр. Гъэхэр кьищтэу щІыхуэхэр ятригучэщ фІэкІа умыщІэну, тхыдэм и лъагъуэмкІэ XIX лІэщІыгъуэм дыкъыщрешажьэри, 1968 гъэм нэс дыкъыпхреш, США-м и Нью-Джерси штатым Кьайсэр и шыпхъу Зейнэ къыритхыкІыу Мейкъуапэ щыпсэу и Іыхьлыхэм кьахуитх письмом дыкъригъаджэу лъэпкъым иращІар хьэкъ тщызыщІын гупсысэм дыкъришэлІэну.

КхъуэГуфэ Хьэчим тхылъ гъуэзэджэ иІэщ «Вечные странники» фІищауэ. ТхакІуэ щІорыІуэм адыгэ хэхэсхэм я дунейр кьызэригъэлъэгъуам, ди лъэпкъэгъуэм ящыщ куэдым нобэми гъэрибыныр зэрамыухам пищэм хуэдэу, Нажжар Александр итхым фыщызэгъуэзэнэ, Зейнэ кьигъэхьа письмомкІэ.

- «*Си псэм хуэдэу Амин!*

Письмор нызотхыкІ Нью-Джерси штатым и кьалэ Патерсон. Сльагъу хуэдэщ ар зэрыбгъащІэгъуэнур, ауэ сыт абы кьыбгурымыІуэну хэлъыр? Дэ игъащІэкІэ дыхэхэсыныр ди натІэ хъуагъэнущ. Дэ лей дыщохьу ди лъабжьэр щыдгъэбыдэну дыщеувэж щІыпІэ псоми. Хэхэс гъащІэр кьыхэзыха ди адыгэхэр щхьэ зэщыдмыгупсысарэт, щхьэ кьэгурымыІуарэт щІэблэм я натІэ хъунур? ЯмыщІауэ пІэрэт хэхэсыныр зэрыщІхьыр?

Сэ мыбы сыкъыщыщыщхтар пхуэсІуэтэжыныр си дежкІэ хьэпъэщ, ауэ уэ ар пщІэн хуейщ. Псори къыщежьар нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и Іэ-Іэ. Нэхущым ящІа хьэрыпІжурт зауэм махуихым кьриубыдэу кьанэ щымыІэу ихъуэжащ Къуэкъыпі Іэ Гъунэгъум щыІа псэукІэр. Махуипліым и кІуэцІкІэ Мысырымрэ Иорданиемрэ зэрытекІуам игъэудэфа Израилым, и кьарур Джоланкіэ иунэтІащ, а щІыпІэ нэхъ лъагаПІэр зейм, Галилее тафэр, Дамаск хуэкІуэ гъуэгур зэриубыдыфынум тещІыхьауэ.

ЦІыху мин 37-рэ щыпсэуа Къунейтірэ кьалэр, нэхъыбэу адыгэхэмрэ друзхэмрэ, ЦАХАП-м и иубыдащ, ауэ ар нэщІ, щІыуэпс кьэхъукъащІэ шынагъуэ кьыщыхьукІэ, псоми щІыпІэр зэрабгынэм хуэдэу, заІэтри дэкІаеу. Сэ ди хьэпшыпхэм щыщу къэсщтэфар си бостеищрэ унагъуэ фэеплъу зетхьэкъэр зыдэпІь шумэдан цІыкІурэщ.

Къунейтірэ дэсахэр Дамаск дыкъыщыхутащ. Зыри зимыІэж дэ гупым къыддэІэпыкъуащ Сириемрэ Иорданиемрэ щыІэ дунейпсо организацкэр. Адыгэу зы мин хуэдизу Мукъэджрин хьэблэм дэт курыт еджапІипщым пІалъэкІэ щІагъэтІысхьащ. Сэ, нэгъуэщІ унагъуэ куэдым срагъуэсу, щхьэжагъэшІэ сиуэхъуащ Дамаск километр 30-кІэ пэжыжьэ Эль-Тал дащІыжьэ сымаджащ ныкъуэкуэр. Кьылейсыз дыдэ хъуахэм Адыгэ ФІыщІэ Хасэр ядэІэпыкъуащ: Мардж Сутьпіан кьуажэм еПэщІэкІыу хьэблэщІэ щахуащ абыхэм щхьэкІэ.

Сириеи и цІыхухэм зэрахуэзфІэкІкІэ зыкъытщІагъэкъуэми, Дамаск гугъу сыщІекьырт. Арати, Толстой и фондым захуэзгъэзэн хуей хъуащ, кьыздэкІыпкьуну селъэІуу. Зауэм ирихужьа гупым срагъуэсу Америкэм сагъэкІуэфынкъыщыщІэжащ, зэуэ арэзы сыхъуащ. Нэмыцэ кхъухьтедзапІэм зэ дыкъызэрыщыкІыуІам фІэкІа нэгъуэщІ дымыльэгъуауэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я псы Іуфэм дынэсащ. Сэ сахьихьащ Нью-Джерси штатым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм.

Иджы уэ псори бощІэ. Пэжыр жыпІэнымэ, тхьэмыщкІагъэм сипІытІауэ солсэу. Сэ зэрыщІэу псэун щІэздзэжкІн хуей хъуащ, зэгуэр си адэшхуэ къуэшым Амман, си адэшхуэм Джолан лъапсэ щаухуэжьн хуей зэрыхъуам хуэдизбзэу.

Инджылыз усакІуэ Киплинг итха «Иф» поэмэ цІэрыІуэм щыжеІэ: «Уи гъащІэ псом къэблэжьар зэтекъутарэ, зы псалъи жумыІэу ар зэфІэбгъэувэжыну яужь уихьамэ - уэ уцІыхуц». Апхуэдэмэ, адыгэ псори - цІыхуц.

Си щхьэм къизэрыхьурэ согупсыс: мы дунейм дэ тхуэхэм щыпІэ щыдиІэ? Сыт хуэдэ щІэблэ дэ Америкэм щытпІынур? Абыхэм ди хабзэр, бзэр ящІэну? Апхуэдэ упщІэхэр щыщыІэкІэ - шэч щыпхуэ аракъэ хъикІыр?

Си адэ-анэр зэрыпІэрэ сызеиншэ дыдэщ. Псом хуэмыдэу сыхуозэш си дэльху нэхъыщІэ Къайссэр. Абы Бейрут къуртхькІыу и письмо кьыслэрыхьащ. Къайссэр хьэрыпІкъишащ, библиотекэм щолажьэ, тхьэрыкъуэ егъэхъу. Сэ абы хуезгъэхьыжащ ди унагъуэм и фэеплъэр зыдэпІь шумэдан цІыкІур. СощІэ ахэр абы зэрихъумэнур.

Адыгэ ФІыщІэ Хасэм къригъэхьаеу журнал си пащхьэ ищІа, Кавказымрэ Іущхьэмахуэрэ я тепльэхэр куэду ИТу. Сэ фІыуэ сольагъу мы сурэтхэр, сызэрымыхэкиншэр си фІэщ ящІ.

Пэж дыдэр жыдгъэІи, дэ тІури дынасыпынщэщ. Ауэ уэ уи хэкужь уисыжщ. Сэ - сыхэхэсщ.

ФІыуэ укъэзыльагъу Зейнэ»

МЫ ЦІЫХУБЗЫМ къиІуэтам хуэдэ хъыбар кьыбжезымІэн хэхэсхэм яхэту кьыщІэкІынкъым. Ар тхакІуэр фІыуэ зыщыгъуазэти, и тхыгъэм хиуухуэнащ, нобэми а гукъеуэшхуэр зэрымыужьыхар наІуэ кьыхэтщищу.

Укьыхьин дэнэ хэна, щІэрыпсыбзэу КъуэкІыпІэ Гъунэгъур кьэлыдащ, аргуэрыжьу. Уэсмэн империер щыльаЛъэм щыгъуэ Инджылызымрэ Франджымрэ щхьэгъэзыІуауэ щытщІ хьэрыпІщІхэм ящыщу дэтхэнэми кьызыхуигъэнжьнымрэ теухуауэ. 1920 гъэм Сан-Ремо щекІуэкІа конференцым щагъэбелджылат Франджым - Сириер, Великобританиеи - Иракымрэ Палестинэмрэ, Иорданиеи и кьэкІыпІэ лъэныкъуэр хьихьу, кьаззэрылъысар.

Иджыри аракъэ ящІэну зяужь итыр? Уэсмэн империем Іэпхъуахэр щІэхъуэпсыр я нэгу щІэкІамрэ щІэкІымрэ щцІыхьэпІэу кьыщІэкІыну. Ауэ щцІыхьэпІэтэхьым. Ахэр утыкум кьинат язынныкъуэм: «Европэм зыщІиущэхуар сыт?» - щІэупщІэу. Адрейхэм: «Алыхьыр здэплъар дэнэ, мы гуэзвэгъуэр щыдгъэвым?» - жаІэу.

Урысейм кІэщІи, 1763-1864 гъэхэм сэлэту зы мелуанрэ ныкъуэрэ хэкІуэдащ Кавказ Ищхъэрэм щекІуэкІа зауэм. Кьэралым мы щІыналъэм щыІэ сэлэт мин 200 игъэшхэн, ихуэпэн хуейти, абы илъэс кьэс сом мелуан 25-рэ текІуадэрт. ПщылЫпІэр иджыри зымыгъэкІуэда къэралым дежкІэ хэщІыныгъэшхуэтэкъэ и цІыхумрэ и мылъкумрэ апхуэдэу ирикъухьыныр? КІыхьу екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэм цІыхубзэр нэхъри кьулейсыз зэрищІар урысей революцэр кьыщІэхъуам и щхьэусыгъуэхэм зэращыщым шэч хэлъхъым.

Іэмал фиІэххэмэ, къэвгъуэти феджэ мы тхылъым. Ар роман кьудейуэ, абыхэм ятІэ XIX-XX лІэщІыгъуэхэм кьекІуэкІа Іуэху инхэм ущІызыгъэгъуаззэщ, ди нобэми пщдэйми уезыгъэгупсысащ. Ауэ сыт демыджэми сыт зыщІымыІэми, псори хьуауам хьихьэжынущ ди хэкур зэредгъэфІэкІуэным, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ зэрытхъэмыжьнэ и Іуэху зедмыхуэмэ.

Уэтейхэ Хьэзэм шыкІэпшынэ еуэу адыгэ уэрэдыжь жиІэу щысльагъуэкІэ (Сириеи кьикІыжахэм ящыщщ а щІалэ цІыкІур), а сабийр глобализацэмрэ хэхэс гъащІэмрэ пэщІэувэфаеу кьысщохьу. Ауэ Хьэзэм хуэдэхэр мащІэщ, глобализацэ жьыхуэтІэми нэхъри ирекъуХь ди лъэпкъэгъуэхэр.

«ХамэщІым ди натІэ щыхъуар»

АБАЗЭ Ибрэхьим тыгъэ лъапІэ кьыслхуищІащ нэгъабэ. Ауэ иджыщ абы теухуауэ зыгуэр стхыну хьэзыр сыщІыхьуар, сыту жьпІэмэ псалъэуха дэнэ кьэна, псалъэ куэд мы тхылъым сыщцыхуззащ си еджэныр зэпыщІэрэ згъэщІагъуэу, адыгэбзэр зэрыкъулейм щцыхьэт теХьуэу, ди анэдэлъхубзэм кІуэ пэтми зэрыхущІыр наІуэ кьысщащІу. ЩІыхэщІри гурыІуэгъуэщ: ди гъащІэм кьыщідмыгъэсэбэпыж хьэпшыпхэмрэ жылагъуэ щыІэкІэ-псэукІэмрэ епха псалъэ куэд хокІуэдыкІыж, щІэуэ къэтщтэн хуей хьухэр адыгэбзэм къизыгъэзэгъэн, абы тетлажьэ щІэныгъэлІ, журналист гуп зэгъэуІуа диІэкъым.

«ХамэщІым ди натІэ щыхъуар» тхылъыр щІэщыгъуэ сщцызыщІар адыгэ хэхэсхэм я гъащІэр зыхуэдар езыхэм кьаІуэтэжу зэратхьжарщ. Пэжкір жысІэнщи, адыгбзэр пэжырытхэм, псалъэуха ухуэкІэм темыхуэу куэд ущІорхьэлІэ мы лэжьыгъэм, редактор Іэзэм и кьалэмыпэм щІагъэкІамэ сыту фІыт жыІуигъэІэу. Ауэ а «редактор Іэзэр» къэбгъуэтыными тхылъыр кьанэ щымыІэу зыхуей хуэбгъэзэнми пыщІа гугъуехьхэм сыщыгъуазэщи, абдежым кІэщІ зезгъэщІынщ. Нэхъыщхьэращи, Ибрэхьим зэзхихьэсыжащ уасэ зыхуумыщІыфІын хьэбархэр, абы «къигъэпсэльэжащ, я гукъеуэ кьытхуаІуэтэну Іэмал яритащ» хамэщІым щцеувэхахэмрэ абыхэм кьащІэхъуаэхэмрэ.

Хэхэсхэм кьахуэгъэщІынутэкъым тхыдэр, хабзэр, бзэр, щыІэкІэ-псэукІэр, жылагъэ зэхэтыкІэр анэдэлъхубзэкІэ зытхыжьын щІэныгъэлІ, ди тхыбзэр зэфІэмыувэурэ езыхэр хэхэс хъуати. Тыркурэм, мусЛымэнщІым фыкъэІэпхъуэ, жаІа щхьэкІэ, я диныр кьрагъэщтэн, кьаруущІэрэ лъыщІэрэ зыхагъэхьэн фІэкІа, адыгэ лъэпкъыр яхъумэн мурад яІэтхъкъым. Абы и щыхьэтщ, уеблэмэ я адыгэ унэцІэхэр Іэщіы6 зэрырагъэщІар, адрей псом я гугъу умыщІыххи. Іэуэрыіуэтэжу зэхихам е тыркубзэкІэ тхауэ щыІэм щыщ зэхуэзыхьэсыжу тхылъу кьыдэзыгъэкІа Абазэ Ибрэхьим фІыщІэщхуэ хуэфащэщ, езыми кьызэрыхигъэщщи, хэхэс хъуахэм ди щхьэм кьрикІуамрэ ди нэгу щІэкІамрэ тхыжауэ диІарэт, жызыІэу щыта лІыжьхэм я уэсятыр ящІэзэщІащи. Ауэ гурыІуэгъуэщ: ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм ятеухуауэ кьызэщІэткъуэжьын хуейм и зы Іыхьэ мащІэу аращ мы тхылъыр.

Тхылъ кьэщдэбгъэкІыным гугъуехь куэд хэлъщ, уеблэмэ ар нэхъри нэхъ хьэлъэ мэхъу, уи Іэщцагъэкіэ а Іэхъум упымыщІамэ. Ибрэхьим бухгалтеру лэжьауэ аращ пенсэм кІуэху, икІи, шэч хэмыІуэ, ар тхэным тезыгъэгушхуар и гум щызэтрихьауэ кьыздрихьэкІращ.

Тхылъым псалъэпэ хуитащ тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Уэз ФатІимэ. Абыи Ибрэхьим фІыщІэ хуещІ «Тыркубзэ-Кьэбэрдеибзэ псалъалъэ», «Адыгэм и псэукІамрэ и хабзэхэмрэ», «АдыгэщІэхэр», «Адыгэ-абазэ шы псалъэхэм я тхыдэ напэкІыщІхэр», нэгъуэщІхэри кьызэрыдигъэкІам папщІэ.

Кьапщтэмэ, Зихьни Зекерие (Баж Жэбагъы) илъэси 100 и пэкІэ тыркубзэкІэ дунейм кьытригъэхьа «Адыгэм и псэукІамрэ и хабзэхэмрэ» тхылъыр адыгэбзэкІэ зэридзэкІыу кьыдэзыгъэкІар Ибрэхьимщ.

«ХамэщІым ди натІэ щыхъуар» тхылъыр Анкаращ кьыщыдэкІар. И бжыгъэкІэ 500 кьудейщ зэрыхъурэ, щІэупщІэнум нэхърэ зылъысынкъуэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Абы тесщІыхьу, сыхуейт сэ сэфІэгъэщІэгъуэну кьыхэзгъэщхьэхукІа гуэрэхэм фыщыгъэгъэгъуэзэну.

Абазэм илъэс куэдкІэ зэхуихьэса тхыгъэкІэ еублэ мы тхылъыр. Абы пыухыкІауэ кьыгъуеІуатэ хьи ФІыцІэ Іуфэм щыпсэуа лъэпкъэр зэрызэуамрэ Хэкур зэрыригъэбгына щыкІэмрэ. ХьэрыпхъуиІуатэрэ зи Хэку зыхьумэжащІ ящыщхэм я щІэ дыдэр, ахэр щыпсэуа къуажэхэмрэ щыпІэхэмрэ кьигъэльагъуэщ. И гугъу ещІ 1863 гъэм и гъэмахуэм Абазэхэр щІыналъэм щекІуэкІа зауэм, дзэпщ Дыгъужьыкъуэ Ахьмэд я пашэу. Дыщегъэгъуазэ Дыгъужь, Цей, Нэшумкъэ, Дыщэкъуэ, Ашыуэ, ЛІыщэ, нэгъуэщІ къуажэхэми щыпсэуахэм я натІэ хъуам. Я гугъу ещІ урысхэм «мэзым щыІьтатэ абрэджхэр» зыфІаца ьхэкІучхэм (мыхэр кьухьэпІэ адыгэхэм я зы къудамэщ, шапсыгъэхэмрэ абыхэмрэ я щІынальэр зэпыльу щытащ). Абрэхьим и тхылъым итщ хьэкІучхэм (хьэкІуцу жьІэкІэри щІэщІэу) я псэр зыщІата щІынальэм и зы теплъэ, мэзу зэщІэкІэжауэ.

Зауэм кьелахэм я щІыпІэр ябгынэну зы мащІэ пІалъэ кьаритащ ущхьэ быдапІэм и тетым. Кьуажэдэсхэм замыІэт щІыкІэ, Мухьэмтал лІыжьым, зи нЫбжьыр лІэщІыгъуэм нэсам, псори зэхуишэри яжриІащ:

- Ди щІалэгъэуми иужьыІуэкІи мы Хэкум щцІэсэщ щІыхьышхуэ зиІэ адыгэ куэд. Абыхэм зэрахьа лЫгъэм и хъыбархэм дыщІапІыкІащ. «И Хэкум щымыпІэр тІэу малІэ», - жаІэ. Сэри мыбы сыщцІэну сыхуейщ. КъэІуэ, гулъытэ къысхэсфщІ. Сэ гъэугъаНэ сытехьэ зэрымыхьынур фІыуэ сощІэ, си гъащІэм и ухыгъэм сызэрынэсар зыхызощІэ. Ди адэшхуэхэм «гущэ хуащІауэ, кхъэ зыхуамытІыж щыІэкъым» жаІащ. Фи щхьэм сыт кьрикІуэми, фи гугъэр зэи фымыгъэкІуэд. Сэ сызэрывэлъэІур мащІ: дзэм фыщцІэми, дэнэ фыкІуэми, фи Хэку дахэр, фи анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ фи бынэм яІуфІэхьэ».

ЛІыжьым жиІар зэхэзыхахэр щымт, я тэмакъым бдзэ-жьей кьупщхьэ тена хуэдэу. Псоми я нэпсыр джэшым хуэдэу кьелъэлъэхырт. ЛІыжьыр щалъхуа щІыпІэм кьыщыбнэу зэрыхуейр: зыми иІэтащІэгъуакъым, и заКъуэпщІийуэ мэзыщцъэм и кхъэхальэм и хъумакІуэу зыщащ, уэсым щІихуэма къурш лъапэм дж.

Цей хьэблэм щыщу ГъэгУм теувахэр ХъулІыжьий (Геленджик) кІуэну махуэ щІыІэ гъэрым ежьащ. ЩІымахуэщ, уэсщ, уаещ. Урысым зэтрригъэсхьа кьуажэхэм зи псэ дзэзыхьыжьфар гъэугуанэм теуват. Уаем, уэхэм яхигъэщІэхэм я хьэдэхэр уэсым щІатІэрэ кІуэрт. Иджы абыхэм бгъэхэратэкъым кьеплъакІуэр, дыгъужьыкъэрат, уэсым щІалъхьахэр кьыщІахьыурэ яшхт. Гъэугур уэсым кьыхаЛъагъуэкІыжьыртэкъым, угъуащэмэ, щцыхпІэм уехуэхынкІэ щынагъэт. Жэщым мыдыкъым щцхьэкІэ, мафІэшхуэ ящцырти, абы кьурейиу зэрыпІысхьэрт, щІакІуэхэм щІэлъу жеифын яфІэщІу. Дыгъужьхъэм зыщцахьумэн папщІэ, я фочхэр гъэпкІауэ щалъхуат і пльыру кьагъанэрт».

Псы Іуфэм нэса нэужь, абыхэм кьалъэгъуамрэ ягъ ФІыщІэм зэпрыкІахэм я фэм дэкІамрэ, мащІэми-куэдми, щыщІыуаззщи, я гугъу тщІынкъым. Ауэ сыт щахуэхъума псы адрыщІым, сыт яГъэхъа, сытым игъэгумащІа? Абы теухуа хъыбархэр куэду кьытхуеІуатэ Абазэ Ибрэхьим. ГъэщІагъэныщцэм 1877-1878 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Тырку зауэм хэта Губэ Ергун и гукъэкІыжхэр. «Уэун-Яйла щухэри Сэрэкъамышмэ щелъэлъэха мыгъуи» жаІэу хэхэс хъуахэм гъыбзэ щацысасхэм ящыщ щІалэ гупым я псэм дагъэхуэфам хуэдэ къэбгупсысыныи гугъущ.

Ибрэхьим зэрыжиІэщи, Губэ Ергун тыркубзэр ныкъуэдыкъуэу фІэкІа имыщІэу, Чавуш Ахьмэд къыфІащауэ зауэм дашащ. Урысхэм Къарс яубыдат, Эрзурум кьалэри яІэрыхьэну шынагъуэ щыІэти, дзэлІ 16 гъуэ я кьыхуащІри ирагъэжьащ, урысхэм я гІыныльэ уардэр кьагъэуэну кьалэн щащІри. Гупыр пэльэщащ а Іэхуум. «Пхъэршхуэ кьежьауэ даубыдыну кьыштпльхьуэрт. Абы кьыхэкІкІэ, ди гъэзэжьныр урысыр здэгуГъ щІыналъэмкІэ мыхъуу, куржы щІыналъэмкІэ кьапэткІуэхьну унафэ тщІыри, даІэщІэкІащ. ДымыщІыку щІыналъэм дикІуэдьхьащ жысІэми сыщцыэнтэжьым. КъуакІэбгыкІэхэм дыщцхьэдэхьурэ дыкІуэрт, шыхэм я шхуэмылакІэр хуит яхуэтщІауэ. ЩІымахуэт, щІыІэт, дишхэм зэрызекІуэжьын гуащІэ кьахэмынэжауэ, шэдыльэ гуэрым дыхэнэхукІэ дыкІуащ. Ипэкіэ дыкІуэтэфыртэжьым икІи дыкъынкІуэтыжьфыртэжьым. Махуэ Іэджэкіэ дыжеятэжьыми, шэдым хэна дишхэм дызэрытесу дыІурихащ.

ЩцэдджьжьыщІ зыпсыльатщІэжам, ди Іуэхур икъункІэ кьэлъэхъат. Я бгым нэс шэдым хэна дишхэр зэгуэудат, дэ дытест псэ зыхэмытыж дишхэм.

Хьэдрыхэм и бжэІупэр мырагъэнт е хьэдрыхэ дыдэр мырат! Мис апхуэдэу махуэ 15-кІэ шы ІкІэм датесащ».

Ергун зэрыжиІэжымкІэ, псыри гъуэмылэри яухауэ, теХьэгъуэм, щІыІэм, ныбаджагъэм я гъусэхэм щыщи щІэлІауэ, кьэнэжаиблыр зэчэнджэщри, лІэныгъэм пэмыпльэу я псэр кьрагъэлъэныным трауХуащ.

- «Дишхэм хуэдэу шэтІэтІым дыхэмыынэ папщІэ, ныбафэкІэ дытегъуалъхьэри, псым дерс хуэдэу, шэдыльэм дебэну щІэддзащ, икІи блыри Іуфэм дынэсащ. Нэхъ гъуэгъур куржы кьуажэу кьыщІэкІат. Дызэрыадыгэр кьыщащІэм, ди бийм и лъэныкъуэ пэтми, кьэщІагъэ кьыдащ, зыдагъэзэрыхьэбзащ. Мы кьуажэм зыщцІтІэжьэ хъунутэкъым, урысхэм дыкъалъыхьуэрти. Ди бысымхэм гъуэмылэфІ тхузэрагъэпэщат. Аргуэру, махуэм зыдгъэпщкІуурэ жэщым лъэсу дыкІуэурэ, бгыти, кьуэти, мэзти, псэхэуэ зыпІэмэ кьызэздэкІыурэ дэ дзэм дахьыхэжащ», - жиІэжырт Ергун.

Кьэвгурыуакъэ, мыпхуэдэ тепльэгъуэ тхакІуэми ержиссёрми кьахуэгупсысынкъым щІыжьісІар?

Ергун хэтащ Тыркум иригъэкІуэкІа нэгъуэщІ зауэхэми. Ялэ дунейпсо зауэм кьикІыжа щІалэм тырку-алыдж зауэри и нэгу щІэкІащ. Хэкум кьыщрахуам щыІэри хиса дей жыгитІым я жьауэм щихьащ кьэна и гъащІэр. Илъэси 113-рэ кьигъэщІауэ, 1964 гъэм дунейм ехыжащ. Ар зэрыкавказыбгъэр пэжт. Ергун псэуху щІымахуэми и пэш хьэкум мафІэ иригъэщІакъым. АдыгэлІ уардэу псэуащ», - етх Абазэ Ибрэхьим.

Тхылъым итщ Макбулэ Гуащэ теухуа гукъэкІыж кІэщІи мы бзылъхугъэм и сурэти, цІыхухъу адыгэ фащэкІэ хуэпауэ. Ар Тыркуми и хуитныгъэ зауэм 1920 гъэм хьихащ и щхьэгъусэм дэщІыгъуэ. Адыгэ фащэ щыгъуэу, кьамэ кІэрыщІауэ, фоч иныгъуэу, алыджхэм кьатриха шым тесу зэуащ. Макбулэ хэкІуэдащ 1922 гъэм гъатхэпэ мазэм и 17-м. Гуащэ тырку лъэпкъым и бзылъхугъэ лЫхьжьку кьалъытащ, Гордэс кьалэм пэщІдзэ еджапІэ дащІыхьащ Макбулэ и цІэр зэрихьэу, сериё хьууэ фильм трахащ, усакІуэ Аскакали Алий усэ хуиусащ. А усэри итщ Абазэм и тхылъым, адыгэбзэкІэ зэдзэкІащ.

Унагъуэ хъун, щІэблэ кьызыщІэхъуэн хуей зэщхьэгъусэр Тыркум и хуитныгъэм щІэбэну хокІуадэ. Дапщэ хъурэ апхуэдэхэр, дапщэм я кьуэпсыр: гъэжа, лъэпкъыр политикэшхуэм и Іэдэм щыдгипытІэм? Гупытэтэ игъэтэжащ, лЫхьужьыгъэ зэрихьауэ кьалъытащ, жыпІэу урипагэ хъуну кьыщІэкІынщ. Политикхэр цІыху кьызэрыгуэкІэм я гущэм зэрырикІуэ щІыкІэм сыщегупсыскІэ, зауэм хэмыхьэу, адыгэ бын лъэпкъым хуилъхуатэмэ, и насыпти мы бзылъхугъэм жызоІэ. Ауэ блэкІам теухуауэ дэнэ кьэна, нобэ лъэпкъымрэ щІынальэмрэ яхуэтщІэн хуеймкІэ дыщцІэмалынщэр нэхъыбащ. Арами, зымащІэкІи лъэпкъым Іуэхуищхэ хуэпщІэфынущ, кьызэрыщІэкІымкІэ.

Ибрэхьим и гугъу кьытхуещІ апхуэдэ зыхуэзфІэкІа лЫм - Тохъу Хьэжумар. Ар 1888 - 1980 гъэхэм псэуащ. «Уэун-Яйла адыгэ кьуажэ 72-м я чэнджэщкІуэ, ущиякІуэ, хабзэ хъумакІуэ, и лъэпкъыр и бным япэ изыгъэщ, политик Іэзэ», - жеІэ абы щхьэкІэ Абазэм.

Тыркум иригъэкІуэкІа зауэхэмрэ революцэмкІэ къаІэн къызытемына, Къайсэр кьалэм и Парламентым хэта, къэралым и унафэщІ Иненю Исмет и нЫбжьэгъуу щыта Хьэжумар зыхуей поэри къэрал унафэщІэ яригъакІэщІэрт. Абы и фІыщІэт «Уэун-Яйла и кьуажэхэм уэздыгъэ, псы, гъуэгу, еджапІэ яІэ зэрыхъуар. Дауи, а псоми я псэукІэр ящцызгъэпсынщІэнт, ауэ сэ згъэщІэгъуар нэгъуэщІ.

Апхуэдизу гуэзвэгъуэм пхыкІа, хэхэс хъуа ди лъэпкъэгъуэхэм уасэр ІэщцыбямыщІауэ адыг

Адыгэ Іуэхум игъэпІейтейхэмрэ урисондэджэрхэмрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 3-нэ нап. итщ).

Хэхэсхэм я дунейр

Иджы фыщызгъэгъуэзэнщ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Москва областым и къэрал университетымрэ стратегиемрэ аналитикэмкІэ и Центрым и унафэщІ Ершов Виталий и монографием. «Русский мир и севераокавказское зарубежье в XX - начале XXI века» тхылъым гу лъымытэмкІэ Іэмал иІэкъым, а Іуэхугъуитіыр зэрипхыну яужь зэрихьам нэхъ хэмыльмэ. Тхылъым уэхэыгъэгъуаэзм итщ «урысейкавказ лъэпкъхэм ящыщ хэхэсхэм яІа зэпыщІэныгъэр гъэщІэгъуэныщэу къэлэыпатпэхъэу, мы тхылъым ящэ дыдэу а Іуэхур къыщыІэта хъуауэ».

КАВКАЗ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм ящыщ хэхэсхэм Ершовыр ящІэуэкІи тетхыхьащ: «Северокавказское зарубежье 1920 - 1930-х гг. в Турции, Западной Европе и США: эволюция и социально-культурная специфика», «Черкесское (адыгское зарубежье в конце XX - начале XXI века: структура и социально-культурная специфика», нэгъэщІ лэжьыгъэхэри иІэщ мы щІэныгъэлІым.

Урыс-Кавказ зауэмрэ 1917 гъэм ящІа революцэмрэ я зэхуаку илъэс 53-рэщ дэлъыр. Абыкіэ жьысІэну сызыхуейр аращи, революцэм щыгъуэ Урысейр зыбгына нэхъыжьыІуэхэм куэду яхэтащ адыгэхэм Хэкур мыжурэпэрэ топышэкІэ езыгъэбгынахэри. ПлъэкІмэ, арэзы утемыхъуэ «И в мире нет истории страшней, Безумней, чем история России» жызыІа Волошин Максимиллиан. ЛІэнкъэнэну зззэуахэм хэхэс ухъунаи, уиІа псор пфІэкІуэдыным пыща къззабыр ял адрыщым щагъэващ. А псори иджы тхыдэ хъужащ, ауэ зы Іуэху къэнащ: хамэщІым щауха урыс, адыгэ дунейхэр зэкъмыхьащэми, зы Хэкущ я пльапІэр. Сыт хуэдэ а урыс, адыгэ дуней жьыхэтІэхэр, сыт хуэдэ гукъеуэ яІэ, сыт я мурад, сыт я зэфІэкІ - ахэращ Ершовыр зытепсэлъыхьыр. ИкІи, жьипІэнурамэ, щІэныгъэлІыр егупчащ Кавказ Ищхъэрэ лъэпкъхэм хэхэс зэраІэм зыкІи щымыгъуазэм мы тхылъыр Іэрыльхэ хъужыкъуэмэ, Іуэхум и къежьапІэри, иджы ар зыхуэдэри, щІапхъэри къыгурыІуэн хуэдэу зэритхыным. Абы, дауи, тегъэщІапІэ ищІащ архив дэфтэр, тхылъ куэд, псалъэм папщІэ, Опрышкэ Олег, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд,Ефэнды Джылахъстэн, Къущхьэбий Анзор, Хъэзакъ Аслъэн сымэ ейхэр. Дыдейхэр япэ изгъэщащ щхьэкІэ, нэгъэущ щІэныгъэлІ куэдми я лэжьыгъэхэр тегъэщІапІэ ещІ, къигъэсбэгъа литературэр къыздригъхыхьи, «мыр къэгъуэтауэ ерджэн хуейщ» жыиуІэгъэІэу. Псалъэм папщІэ, Алиев Б. Р. «Северокавказская диаспора: история и современность», Бабич И. Л. «Кавказцы в русских мосонских ложах Франции (1922 - 1939), Бедерхан Фасих «Северокавказская диаспора в Турции, Сирии и Иордании», Ганич А. А. «Черкесы в Иордании: особенности исторического и этнокультурного развития», нэгъэущІэхэри.

1864 гъэм и ужькІи Кавказ Ищхъэрэ лъэпкъхэм заІэтурэ Хэкур ябгынащ. Абы щхьэусыгъуэ уэхэъуар щыналъэр зейжэ зыми хуимытыж зэращІарт. Ауэ дэ жьытІэр зыщ, езыхэм ящыщ абы щыхьэт щытехъуэкІэ узэхаохну нэхъ тынш мэхъу.

Тэрч областым и административно-полицей участкэм и унафэщІу щыта Бердяев С.К. и ГъащІэр къызэрекІуэкІам теухуа тхылъ 1932 гъэм Париж къыщыдигъэкІауэ щытащ (Бердяевми Урысейр ибгынат революцэ нэхъыбэм). Абы къыхегъащ XIX лІэщІыгъуэм и кІэм XX лІэщІыгъуэм и пэщІдзэм Кавказ Ищхъэрэм щыІа къэрал унафэ щІыкІэр зыхуэдар. Абы жеІэ центрым къигъакІуэ къулыкъущІэхэм зыри зэрыхамыщыкІыр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я хабзэмэ щІэнкІэ. псэуКІэми, и гугъу умыщІыхьэ я бзэр зэрамыщІэм. А къулыкъущІэхэм къафІэІуэхукъым щІыналъэм щІэныгъэм зыщІегъэубгъун, экономикэр къэІэтын зэрыхуейр.

Бердяевым а зэманым зэран хъуауэ къежьэлъэ Тэрч областым иІа административнэ гъэшыкІэри: къззакъ станицэхэр отделхэм хыхьэрт, атаманхэр я унафэщІу, адрей лъэпкъхэр щыпсэу къуажэхэр округым хэтт, абыхэм я унафэщІыныр зыпІъаГъэсыр дзэм хэтахэрт. «Знание законов и применение их, понятие о народе, наличие нравственных качеств и степень интеллектуального мирозоззрения для занятия этих должностей было тогда не важно, а важно было, чтобы начальник области был в генеральском чине, а начальники отделов и начальники округов штаб-офицерских чинов», - етх Бердяевым.

Ар и тепльхьэт Кавказ Ищхъэрэм Урысей къэралыгъуэм хэту зиужьыным, ауэ «къэрал ухуэкІэри, жылагъуэри, экономикэри я ПІэм ижьыхьам хуэдэщ», - жеІэ абы икІи, къызэрилъытэмкІэ, апхуэдэ щытыкІэм цІыхухэр егъэгубжь, лъэпкъ, дин зэщІэхъеенныгъэхэм зрегъэубгъу.

Ар блэкІам теухуауэ Ершовым жиІэм щыщ мащІэщ. Нобэм, пщэдейм теухуауэ-щэ? Зэрыурысыбзэу къызоГьанэ, и дэтхэнэ псалъэри фи дежьэ нэсхьэсын папщІэ.

«Важную роль в будущем развитии республик Северного Кавказа играет фактор зарубежных соотечественников - их сближение и воссоединение с исторической родиной, которое имееет широкие перспективы, прежде всего в контексте развивающегося конструктивного взаимодействия России и центров Русского мира в Дальнем и Ближнем зарубежье».

Культурный диалог с миром зарубежных соотечественников, в том числе с северокавказскими диаспорами является важной перспективной задачей в контексте формирования современной российской национальной идеи», - етх Ершовым.

ЩІыр зи куэд, цІыхур зи мащІэ Урысейм дежкІэ къыпхуэмылъытэным хуэдизщ и хэхэсхэр къызэщІокъуэзыным мыхьэнэуэ иІэр. Ауэ ди лъэпкъэгъуэ хэхэсхэр къэкІуэжьыным тезыгъэгушхуэ, я Іуэхур ящызыгъэпсынщІэ хабзэ ди къэралым иІэкъым. Адыгэхэм я гугъу сщІынкъыми, СССР-м щыпсэуахэм ящыщу Урысейм къэзыгъэзэжхэр, Украинэм щекІуэкІ зауэм зи щхьэ къыхэзыххэр, ди къэралым и паспортыр зыІэрагъэхьэн щхьэкІэ, зыхэт бэлыхьыр къэІуэтэгъуейщ. Абы куэдрэ тотхьэхь, топсэлъыхь журналист Грачёвэ Лидие. Ар иІэ «Исполком формма переселенческих организаций» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІщи, фІыуэ зыщыгъуазэщ зи гугъу ищІыр.

МэкъуауэгъэцІ и 7-м Президент Путин Владимир цІыхухэм я упщІэхэм жэуап иритащ телевидеэнэмкІэ. Урысейм къэкІуэж урысхэм паспорт зыІэрагъэхьэныр къызэрымыкІуэу зэрыхьэлъэм, хабзэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм щІэлъэІуэу къепсэлъэ цІыхубзым жэуап щритым, абы къыхиГъэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я хэхэсхэм къагъэзэжьыным хуэщхьэпэн зэрыхуейр. Президентым гу лъаригъэтащ: 1990 гъэхэм, ди къэралымрэ экономикэмрэ щызэтещащэм, сабийуэ къалъхуар зэрымащІэм къыхэкІыу, 2030 гъэхэм процент 25-кІэ нэхъ мащІэ хуэнуц лъхуэн-пІэн ныбжьым и бзылъхугъэхэм я бжьыгэр. Абы нэхъ тедмыщІыхьми, къэкІуэжьнуэхэр тезыгъэгушхуэ хабзэрэ къулыкъущІэхэм я гулъытэрэ щыІэн зэрыхуейр жиІащ Президентым.

Ершовым и лэжьыгъэм дежкІэ згъэзэжьынщи, абы жеІэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм я хэхэсхэр Хэкум къэкІуэжьным мыхьэнэшхуэ зэриІэр, промышленностым, щІэныгъэм, хъэрычэт Іуэхум зэрызауэжьнум тепщІыхьмэ. Абы кьелъытэ ХЫ лІэщІыгъуэм къигъэуэн къаланхэм Урысейр пэлъэщынымкІэ сэбэпы- шхуэ хъуну ди хэхэсхэм къыздахьыфыну технологиэ пэрытыр.

Апхуэдэу псоми къалъытэу щытамэ, хэхэсыну хэмейкъэм куэд щІат къызэрагъэзэжрэ. Урыс хэхэсхэр гугъу езыгъэхьыр ди бюрократиерамэ, адыгэхэр Урысейм и къэхэсу кьилъытэным, цІыхухэми ар къагурыІуэным зэран хуэхъур мащІэкъым. Псалъэм папщІэ, публицист Гулевич В. А. «Кто сеет вражду между русскими и черкесами?» и тхыгъэм и фІэщыгъэцІэм къыщыщІэдзауэ ухъэзэыгъэІэбжьщ жиІэр. Абы къызэрилъытэмкІэ, адыгэ хэхэсхэм я Іуэхур кьухьэпІэ стратегэм кьагъэсэбэпыну яужь итщ «Черкесие Иныр» зэфІагъэувэжу, Урысейр хы ФІыцІэ Іуфэм пагъэкІын папщІэ. Ахэр къэбгъэкІуэж щІэмызыуэн и щхьэусыгъуэу къигъэлъагъэри нэхъ щабэхъеым: урысейм гужьгъэжь хузиІэ къаэжкІынкІэ хъунущ, къэкІуэжьнуэхэм урысыбзэ ящІэркъыми, лэжьэфынукъым. Ахэри къахэхъуэнущ къэралым игъэшхэн хуейхэм.

Мыпхуэдэ политик «жьыжьапльэхэм» жаІэр зэрымыкъыхэнэщэ дыдэм тепщІыхьмэ, уедэуэныр къэкІуркъым. ГурыІуэгъуэщ ар зэшым къыхихьу зэримытхар, Гуревич и тепльхьэр зэрыщыІэр. Аращ Ершовым Урысейм и хэхэсхэм теухуауэ жиІэм акъыл хэпІщ, къэралыр, абы щыпсэу цІыхухэр зэгурыІуэным, пщІэ зэхуащыным лъабжьэ хуохъу жьыпІэу щытебгъэчыныхьыфынур.

ШИРДИЙ Маринэ.

Дунейм тет лъэпкъхэм яхэтщ нэхъ пасэу къызэрІэуваи къэхъуагъащІи. Нэхъ пасэрей дыдэхэм хабжэ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр гъэщІэгъуэн зыщІ щхьэусыгъуэхэм ящ адыгэбзэм пасэу щыІа бзэжьхэм пыщІэныгъэ яхуиІэу къыщэралъытэр.

МЫ ІУЭХУМ дытепсэлъыхьыну щхьэусыгъуэ къыдэзытар иджыблагъэ Мэртокъуэ Родион и Іэдакъэщіэкіы дунейм къытехьа «Шэрджасыбзэр - пасэрей алыджхэмрэ урымхэмрэ я дунейм» («Черкесский язык в античном мире») тхылъращ.

Тхылъыр щІэми, пасэрей бзэжьхэм адыгэбзэкІэ къеджэн, е, нэгъэщІу жыпІэмэ, а бзэхэм къарыкІ мыхьэнэр адыгэбзэм техуэу къэлъытэн Іуэхур щІэкъым. Абыхэм я щапхъэщ, псалъэм папщІэ, хьэтыбзэкІэ щыІэ тхыгъэхэм адыгэ-абхъаз бзэ къудамэхэр я лъабжьэу дуней псом щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІхэм къызэралъытэр.

Мэртокъуэм и тхылъыр зытетыр а гъэзгу дыдэращ, ауэ мыр зэлэжьыр этрускэм я бзэрщ. А щІэныгъэ къудамэм - этрускэм я тхыгъэхэм къэбэрдей адыгэбзэкІэ къеджэным - теухуауэ щытащ бзэ щІэныгъэлІхэу Абазэ Албэчэрэ Никитинэ Натальерэ я Іэдакъэ къыщІэкІа «Этрусскэм я динымрэ Іуэрыіуатэмрэ япкъ иткІэ адыгэхэм я тхыдэр» («О происхождении адыгов через призму религии и мифологии этрусков») лэжьыгъэри. Дызытепсэлъыхь тхылъыр абы пэджэжу къэпльытэ хьунущ. Мэртокъуэри зэрилаІпэр этрускэм я тхыгъэхэм кІыкІыр къэбэрдей адыгэбзэм игъэзэгъэн Іуэхуращ. Іуэхум зэрыхэдмыщІыкІым ныкъэкІыу, дыщыуэнкІи мэхъу, ауэ щІэныгъэ и Іэнныкъэкіэ лэжьыгъэм хэупщІ хъун дзыхьм и инагъыр тщІэрыкъым, сыту жыпІэмэ, ар щІэныгъэлІ гуэрым е щІэныгъэ Іуэхущ Іэпэ гуэрым къабыл зэрищІам и нэщэнэ къыщыхьакъым тхылъым. Езыр-езыру зэхилъхьэжа Іэпыфбейм ипкъ иткІэ, тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэкіым щапхъэ гуэрхэр этрускыбзэкІэ къекъри, абыхэм къикІыр адыгэбзэкІэ къыджеІэ. Псалъэм папщІэ, 98-нэ напэкІуэцІым «ПІалъу хьарщ никуат фи лІыдам» псалъэуэр ящыщхьэхри, «ЛІыдар» псалъэм къикІыр зэпхърэ: «ЛІыдар - мужское «да» - «ЛІым и «да» (урысыбзэкІэ «хъунщ»). ТхакІуэм иубла Іуэхур ІэщІэдудыну дыхуейкъым, ауэ мыпхуэдэ тхылъхэр урысыбзэкІэ дунейм къытехьэн и пэкІэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ гуэр хэпІапхъэт, тхылъеджэхэр мыбэзэрыгъэн хуэдэу. Дауи, абы къикІыркъым этрускхэмрэ адыгэхэмрэ яІэ зэпыщІэныгъэхэм елэжьын хуэмеІуэ.

ХЬэПЦІЭ Дисанэ.

Нужьрей махуэ зыбжанэм адыгэхэм тхылъ гъэщІэрэщІаишхуэ зэІэпахыу уолъагъу. Ар Кьрым хыПІыгуныкъэм щыщ Осташкэ Андрей и жэрдэмкІэ къыдэкІа «Дунейм и тепльхэр» зи фІэщыгъэ серием и япэ томым и япэ Іыхьэращ. «Лъэпкъэр: адыгэхэр» - араш а тхылъышхуэм зэреджэр.

Гу пщІанэхэр фымыгъэбэлэрыгъ

ЛЪЭПКЪ щхьэхуэ гуэрым теухуа тхылъ а лъэпкъым щымыщ щыхуэм къыщыдигъэкІым деж, ар зытеуухуахэм ящхьэщыхьыр икъукІэ гъэщІэгъуэнщ. А Іуэхугъуэр, адыгэхэм хуэдэу, тхыдэ бэІуТІэІухэм ягъэгулэза лъэпкъым щепхам деж, а лэжьыгъэм фІыщІэшхуэ щхьэкІэ щІыкІыр къыщыІуэнкІэ гурыІуэгъуэщ.

Осташкэ Андрей и лъэпкъ зыбжанэ ящхьэ ди пэІуэсэщ, уеблэмэ «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым къытхуеблагъэри, деПсэлъыІаэ щытащ. Нобэ дунейм къытехьа тхылъым гъэзгу зэригъэзэта щІыкІэм ар щытопсэлъыхь мэкъуауэгъэцІм и 1-м «Архъыз-24» телеканалым ирита интервьюм. «Да цІыху 15 хьууэ дызэдолажьэ, адыгэ зыри къытхэткъым, - жеІэ Андрей. - Мы къыдэкІыгъуэр адыгэхэм ятеухуауэ тхылъибл хъу сериеи и яПэ Іыхьэу аращ». ЩІалэм зэрыжиІэмкІэ, лэжьыгъэр хьэзыр хъун папщІэ, жэрдэмщакІуэхэм зыпльыкъыкІуэ зекІуэу 7 ирагъэкІащ. «Тхылъым ильэситху хъуауэ цІыкухэр пэпльэрти, мис, дунейм къытехьащ. Апхуэдэ зэи традзакъым жьпІэмэ, ущыуэнукъым», - мызэ-мытІэу къытригъазэурэ кьыхеГъэщ Осташкэ Андрей.

Тхылъу къыдэкІам и бжьыгэр мини 5 мэхъу. Ар ком мини 2-кІэ «АдыгэІ унэмрэ» «Акрополь»-мрэ щащэ. Адыгэ республикиим мылъкурэ щІэныгъэкІэ щІэгъэкъуэн куэд щигъуэтащ зи гугъу тщІы лэжьыгъэм. Уи гуапэ мыхъуу щыткъым Осташкэ адыгэхэр щыпсэу щыпІэхэм я гугъу щищІкІэ, ахэр зы дунейм къыздэкІыр лъытэр и псэпльэкІэм къэзэрыхэщыр, Іэдакъэщ-кІым кьыщагъэщхьэпэри «Шэрджэс хэку» фІэщыгъэращ. «Адыгэ щІынаІэм ящыщ щІэныгъэлІхэу Абазэ Албэчэрэ Никитинэ Натальерэ я Іэдакъэ къыщІэкІа «Этрускэм я динымрэ Іуэрыіуатэмрэ япкъ иткІэ адыгэхэм я тхыдэр» («О происхождении адыгов через призму религии и мифологии этрусков») лэжьыгъэри. Дызытепсэлъыхь тхылъыр абы пэджэжу къэпльытэ хьунущ. Мэртокъуэри зэрилаІпэр этрускэм я тхыгъэхэм кІыкІыр къэбэрдей адыгэбзэм игъэзэгъэн Іуэхуращ. Іуэхум зэрыхэдмыщІыкІым ныкъэкІыу, дыщыуэнкІи мэхъу, ауэ щІэныгъэ и Іэнныкъэкіэ лэжьыгъэм хэупщІ хъун дзыхьм и инагъыр тщІэрыкъым, сыту жыпІэмэ, ар щІэныгъэлІ гуэрым е щІэныгъэ Іуэхущ Іэпэ гуэрым къабыл зэрищІам и нэщэнэ къыщыхьакъым тхылъым.

лъэм къыщыщыкІухьым щыгъуэ, дэ сытым дежи щысхь ямыІэу хьыбаркІэ къыздэгъуашэ, гъэгур - а псалъэм и мыхъэнитІри къиубыду - къытхуэзэуых цІыху жумартхэм даІущІэрт, - ятхьыж тхылъым елэжьахэм. - ФІыщІэ зыхуэтщІ ди ныбжьэгъу псоми я цІэ тІэщІэхуамэ, дигу фІыкІэ фызэрилъым шэч къытевмыхьэ».

Тхылъыр къыдэзыгъэкІам щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхуауэ фІыщІэ хуащІ КъШР-м щыщ тхыдэдж, тхакІуэ Уэзы ФатІимэ, КъБР-м щыщ ПхытІыкІ Хьэутий, Налшык дэт Льэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс, Адыгейм и «Налмэс» къэдэкІуэ ансамблым и унафэщІ Хьэжы Аслъэн, нэгъэущІхэми. Тхыдэджхэу Хьэутыкъуэ Самир, БгъэжьнокъуэБарэсбий, Мэрзей Аслъэн, Хьэщхьэбий Анзор сымэ я цІыхэми урохьэлІэ. Тхылъыр щыдэкІын папщІэ мылъкуКІэ зыщІагъэхьауащ Хьэнокъуэ Арсен, Ажахъуэ Къанщобий, Быф Арсен, Къардэн Хьэсэн сымэ. Абы елэжьахэр псом хуэмыдэу хуэарэзыщ зыпльыхьакІуэ зекІуэхэр мылъкуКІэ къыззыгъэпэща хьэрычэтыщІэ Шорэ Аслъэн.

«Дэ къыдгурыІуэрт нобэ Интернетым и дунейр зэрынэхъ къарууфэри, абы еса цІыхум «сІыгъарэт» жиІэн хуэдэущ тхылъыр зэрытщІар», - щыжеІэ Андрей ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа, Ерчэн Азрэт ирита интервьюм.

«СІыгъарэт» жьпІэным и мызакъуэу, тхылъым уэзрыІуплъэу «седжарэти» жьІоІэ. Сыту жьпІэмэ, абы адыгэу зызыльытэж дэтхэнэ зыми къыфІэІуэху е къыфІэІуэхупхъэу щыт «лъэпкъ цІуугъэнэжэ» нэм зыкъыщІидзэу щызэщІопщІыпщІэ. Іыхьэ пщыкІуплІу зэхэт тхылъым и псалъащхьэхэм дривгъапльэт: «Шэрджэх хэку телъыджэ»; «Шъудзэ зышщхьэмыгъазэм» и щэхуэр»; «Кавказ Ищхъэрэм и щыуэпс къызэрымыкІуэр»; «ЦІыху Іущым и лъэужьым диту» (Къзэзанокъуэ Жабагъы теухуащ); «Шэрджэсым и кодекс» (Адыгэ хабзэм топсэлъыхь). Абыхэм къакІэлъокІуэ адыгэ сэшхуэм, зэрэкъ хабзэм, бзылъхугъэ теПлъэмрэ щэнымрэ я гугъу щащІ Іыхьэхэр. ЗыПлъыхьаКІуэхэм мыхьэнэ ираташ гурыс пащтыхьым и щхьэгъусэу щыта Гуащэнэ - Марие жагъуэгъуэхэм тралъхьа пцІыр кІэрахьыжьым, ар пщІэ зыхуэфащэ бзылъхугъэу зэрыщытар къыщІэгъащІыжьым.

Тхылъым и редактору икІи тхакІуэу утыку кьихьэ Осташкэ зэрыжиІэмкІэ, езымрэ и лэжьэгъухэмрэ сыт хуэдэ лъэпкъым и гугъу ямыщІми, ар Кьрымым зэрепхар кьаГъэлъэгъуэнращ я пльапІэ нэхъыщхьэри, абы и щхьэусыгъуэкІэ а щІынальэм и тхыдэ Іыхьэ гуэрми, «Феодорэ пщыгъуэ» и фІэщыгъэу, щыгъуазэ дащІ. Тхылъыр ехуэ езы Осташкэ адыгэхэм я къежьапІэу кьалъытэ Араб-хъан зыхэт литературэ тхыгъэкІэ.

«Ди лъэпкъым и цІэр лъагэу иІэтащ, Тхьэр арэзы скьыхуЗу», - пхужьІэнущ мы тхылъым теухуауэ. ПсалъэкІэ щыщ дэтхэнэ зыри щІэныгъэлІкІым, ауэ къызызыкІар ищІэкъым зэтэ къыщІэнщ. Іэжьыгъэр щхьэпэ хъун хуейщ лъэпкъым щыщ щымыщкъым я дежкІи. «Итыр пэж?», «Пэжьыгъэр зыхуэй хуэзэ?» - жьпІэу ущІэупщІэмэ, шэч кьызытепльхьэн, дыщыуэнкІи дакъэщІэкІымкІэ жэуап зыхьыр ар къыдэзыгъэкІаращи, зыгъэр щыуэкІэ, пэжым зихъэжьыркъым. Ауэ тхылъыр зытеуухам фыщыдгъэгъуэзэну щыдикъалэнкІэ, кьызэрыщІыхьуа дыдэр наІуэ къэтщІынри тфІэигъуэщ.

Адыгэхэр жьІэзыфІэщу дызэрыщІытыр тхыдэ лэжьыгъэ куэдым кьыхощ. ЩхьэусыгъуэгъэР хэт ищІэн, ауэ зыхуэмыфащэ хамэр утыку кьитшэнри нэхъ тфІэтынщ, ди лъэпкъым кьыхэкІа цІыхум хуэфащэ пщІэр еттыжьын нэхърэ, апхуэдэхэр димымащІэ пэтми. Ара кьыщІэкІынщ инджьилъ тІасхъэщІэхэр, журт хабзэхъумэкэр, иджы мис, мы украин зыПлъыхьакІуэхэр гъэзгугъэлъагъуэ щІытхъуэхъур. Адыгэ щІэныгъэлІхэм я цІэхэр уэру зэрыхэпхъам уегъэбэзэрыгъри, журнал жыпхъэм фІэмыкІ тхылъыр льагэу Іэтын хуэй гуэру кьыпщохьу япэ Іуплъэгъуэм. Ауэ ипэжПІэкІэ, бзэ зыбжанэ ищІэ хуэдэу жиІэми, зыхэзгэжьыр нобэми кьытхуэмыльагъу мы щІалэ хъарзынэм и учрысбзэр кьызэрыкІуэ уэрэзэрыбзэщ - щІэныгъэПІыбзэкъым икІи тхакІуэбзэкъым. Адыгэбзэм и лъэныкъуэкІэ чэнджэщагъу хуэхъуахэми я щІэныгъэр здынэсыр гурыІуэгъэжьым. Псалъэм папщІэ, Къзэанокъуэ Жэбагъы теухуа Іыхьэм (зыгъэхьэзырар Бондарюк Еленэщ) «Гупсыси псалъэ, зыПлъыхьи тІыс» псалъэжьым и епІуанэ Іыхьэр къызэрыкІуэр (урысыбзэкІэ) мыпхуэдэ мыхьэнэм тетущ: «УзытетІысхьэм еплъи тІыс» («Осмотри и садись»). УщІыздзуэфын Іуэхущ «фІэлІыкІ», «хьэтыр», «гущІэгъу», «гулъытэ» псалъэхэм кьикІыр зэрызэдзэкІа щыкІэри. «ЩІепхъаджащІэ» мыхьэнэ зиІэ «урка» урыс псалъэр урыс пащтыхьыгъэм и Іыхьэущым иридза Черкасскэ пщыхэм я гъэрэщым адыгэ хабзэ щащъэува нэужь, «уэрк» псалъэм кьытехъуКІауэ кьыщІокІ. А псалъэ дыдэр урыс псалъэ «ура»-ми и кьежьапІэ хуэдэу кьыджаІэ.

Адыгэхэм гу быдэу зыкъэлъытэжьыркъым, ауэ «хеящІэ» псалъэм кьикІыр кьыхэпщэр захуэу кьыщІегъэздзынращ» жьпІэнэр кьезэгъэщ пІэрэ, хьэрфхэм апхуэдэ Іэмал кьуатми? Тхыгъэр зэрыурысбзэм дельъахъэри, фІэгъэнапІэ хъу щапхъэхэм зедгъэубгъуркъым, итІани, псалъэм и хьэтыркІэ, Буровэ Анастасие и цІэр зыщІэпъ 78-нэ напэкІуэцІым дыкьеВгъадджэт: «Шэрджэс хэкум мусЛъэмэн диным и пэ кьихуэ и тхыдэм (XVIII лІэщІыгъуэм) щапхъэ гукъинэж ущрохьэлІэ. Кьэбэрдейм и шэрихьэт судым пэз дыдэ укІ тезыр зытралъхьар зыукІын цІыху щІналъэм щыщІагъэуэтыфакъым. Сыт щхьэкІэ? Іэщэ зыммыІыгъ цІыхум, ар щІэпхъаджащІэуи щІыр, и щхьэ пиупщІу лей езыхьфын нэрыбгэ КъуэкІыпІэ Шэрджэс хэкум истэкъым».

Инал Нэху щащІыхукІэ, Интернет хьыбар Іэрамэу эзэхъльа мы тхылъым елэжьахэм щхьэ гу льамытыгъэ а тхылъэхэм ЗХ ІэщщІыгъуэм зэрырихьэлІэм? ЩхьэгъусиплІым кьатепщІыкІа щІэблэм зэкъур яхуэзыгъэшыжа пщым сыт хуэдэ дину пІэрэ зэрикьар? Захуагъэ здзщІым ар зэрахъумэ Іэмэпсымэ щымыІауэ дауэ ди фІэщ хъун? Псом хэмыдэу, адыгэхэм я сабийхэр зауэлІ нэс кьахэкІын хуэдэу ягъаГъэу зэрыщІтар тщІэмэ? Пэжщ, цІыхуфІым хьэндырабгъуэ хеи иукІынкъым, ауэ ди шыгуПІастэ зыІухуэр «кьытщотхъу» жыдмыІэу, ди тхыдэр нэгъэсауэ дджжьыным дыхуэмыщхьэхьныр мынэхъ захуагъэр пІэрэ? «Фэ фхуэдэ дзнэ щыІэ» жаІэурэщ цІыху гу пщІанэхэр зэрагъэбэлэрыгъыр.

Аращи, девгъаджэ мыпхуэдэ тхылъэм, ауэ шэч тІэкІу къытедвгъэхьэ. «Іэзэм дежьэ сыкІуати, пэж куэд кьызжиІащ» жызыІэм ещхьу, ди бзэр зымыщІэм дэ жеІэтэжам фІэкІа адыгэбзэм зыри кьызэрыримыхьыфынри дигу идвгъэгъэлъ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Мокъуэ

• Шыпсэ

Инарыкъуей къуажэм зы лІыжь дэсащ шыпсэрэ таурыхьыу куэд дыдэ ищІэу, хьыбар Іэджэ и гум щигъафІэу ущІэдэІуну уасэ иІэтэкъым, апхуэдизкІэ гум дыхьэу, и нэгу щІэкІам ещхьу къыІуэтэжьырти. Таурыхьыр е хьыбарыр «щыІам щымыІам, къхъуаи къэмыхъуаи, ялъэгъуаи ямылъэгъуаи, фыхуеймэ фи фІэщ фщІы, фыхуэмеймэ фымыщІы» псалъэхэмкІэ къыщІидзэрт абы, ухигъэгупсысыхьу, шыпсэр къызэрыщІидзэнымрэ зытеухуамрэ нэхъуеинщэу упигъапльэу.

САБИЙХЭМ я еджапІэ къикІыжьгъуэм ирихьэлІэу къыдэкІынт, тетІысхьэпІэм зригъэхуэхьинти, абыхэм япэпльэ хуэдэ зищІыкІ. ЦІыкІухэри абы есауэ, зыхуеиххэр арат. ЛІыжьыр бжэІуплэм Іусу ямыпсэгъуамэ, я хьэщпакъыр къехуэхауэ я унэ кІуэжхэрт. Зы махуэ гуэрым еджакІуэ цІыкІухэр зэкъІужу жыжьэу кьапльэри къалъэгъуауэ Аскэр. ГуфІэжу къыщІэпхъэхэри кьыбгъэдэлъэдащ, лІыжьри къэтэджри зыхуэхьэу и ныбжьэгъу ныбжьыщІэхэм сэлам ярихащ. «ФыкІуэт, тІасэ, пщІантІэм фыдыхьи тетІысхьэпІитІ кьыдэфхьи», - яжриІэри, езыр етІысхьыжащ. ЦІыкІухэр кьыдэкІыжу псори къеТІысэкІа иужь, ахэр зыпІэплъэ щыпсэ Іуэтэжьыр кьыщІидзащ.

- Мы вжеІэжьынур къыщІыхьуар ижь-ижьыж, Уэсмэн къэралыгъуэм и зэманыращ. Абы щыгъуэ, таурыхъым кьыззэрыхэщыкІэ, Инарыкъуей щыпсэуащ адыгэ щІалэ бэлыхь, зыхэмызагъэрэ хуэзэфІэмыкІрэ щымыІэу, зэІусэм псэ хелъыхэ жыхуаІэм хуэдэу. БукІэным хуэІэзэти, гъущІым сыт хуэдэ хъэпшыпри кьыхиущыкІыт, бгъэн зэтелъхьэн хъуми кьикІуэтыртэкъым, пхъащІэ ІэщІагъэри и хамэтэкъым. ЩІэныгъэшхуэ бгъэдэмылъми, Іуэхугъуэ хищІыкІырт, Іэджэм кьыпхутепсэлъыхьыфынут, кьэхьэшъэраци, цІыхухэм фІыуэ кьалъагъурт. Абыхэм къищынэмыщІауэ, Іэщ зэрихуэрт.

- «Хэт хъуну ар, и цІэр кьыджепІэркъэ?» - щІоупщІэ сабийхэр.

- Зэ догуэ, сымаджэпащІэ, Іэжьэкъуэ ивмыІу, - жиІащ Аскэр лІыжьым. – АтІэ, а зи гугъу щІы лІым псоми кьащхьэщыкІыжу мэш бэв, нартыху лІэужьыгъуэ бэлыхь кьигъэзыІырт. Нартыхуэм и лъагэгъыр, и щхьэкІэ гьашэр хэмыту, метриТІым нэсырт, сэмбу 7 - 8 кьыдэкІэу. Нартыхуэ апхуэдизкІэ инти, шыдзэкІэ ещхьэрт. Езы щІалэр гъмыщІэт, пІлабгъуэт, нэшхуэ-нэфІыцІэт, пащІэ Іув тету. И щхьэщыпрэ набдзэ Іувымрэ вынДым хуэдэу фІыцІэт, сэхум хуэдэу хужь и дзэхэр льдыжу кьыІупсырт. АтІэ, щыкІуэ, а щІалэм зэреджэр Мокъуэт. Ар жумартышхуэт - тхьэмыщкІэхэм, хуэмыщІахэм ядэІэпыкъуныр и псэм хэлът.

ЗэфІэкІ зиІэ цІыхум и ехьуЛІэныгъэр Іуэхугъуэ куэдым хыбоЛьагъэ. АтІэ, Мокъуэ щакІуэ бэлыхьт, зэхэзекІуэнри зыхилъхьэ щыІэтэкъым. ЩІыпІэ здэкІуэхэм щыІэзэихэзэр, зрихьэлІэ цІыхухэм кьыхуаІуэтэжаХэр цІыхубзэм ГъэщІэгъэныщІу зэрыкІуэрт. Апхуэдэу набдзэгубдзапльэу, гумызагъэу, мыхьымыщІагъэр игу темыхуэу, псэуКІэр зэрефІэкІуэнум егупсысу дыдэм тет цІыхур фІым пэпльэгъэ, кьыЗыхкІа и пльэпкъым зэгъэр насыпышхуэ кьызэреуэлІэнуми шэч кьытрихьэртэкъым.

АтІэ, шыпсэм кьызэрыхэщыжьмкІэ, зы махуэ гуэрым абы гьэмылэ иГъэхъэзырыц, нартыху, мэш ежьапхэр кьэпльтмакъым ирикІытэщ, Іэщ-фащэхэр зыпщІэхилъхьэщ, алъпым тетІысхьэри, макІуэ-мэлЬем, зекІуэ ежьащ.

«Дэнэ, дэнэ здэкІуар?» - тепІэЗхьхэртэкъым щІалэ ЗрикІыжьу.

- Дэнэ кІуами сэ зыри хэсщІыкІыркъым, абы тешхуэ зэхэсхэр ежесІэнщ, - кьеГъэгуГъэ

Си еджапІэ - си къеІэпІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ

ЩІалэгъуэ дахащэм и джэрпэджэж

● Жыжьэ - гъунэгъу

1968 гъэ

Гур хэзыгъаохъуэ, псэр зыуэзщІ Іуэхугъуэщ Къэхъун дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ щекІуэкІар. Абы щызэхуэсат илъэс 50 и пэкІэ, 1968 гъэм, а еджапІэр къэзыухуэу щытахэр. Классым щІэса еджакІуэ 37-м ящыщу пшыхьым къекІуэлІат цІыху 32-рэ. Я ныбжькІэ мыщІалэжми (нэхъыщІэ дыдэу абыхэм яхэтыр илъэс 67-рэ хъурт), нэрылъагъут ахэр гъащІэр фІыуэ зыльгъэу, ныбжьзыгъуГэр зыгъэльапІэ, псэкІэ зэпыщІа гупу зэрыщытыр.

- ДИ ГУПЫМ хуэдэ щІэмысами ярейщ мы школым, апхуэдизу дэ нобэр къыздэсым дыззэрыІыгъщ, дызэрощІэ, дызэкІэльэкІуэри. Я1эу зэхуэс дыщІыдауэ щытар школыр къызэрыдухэр илъэс 20 щрикъум щыщІыгъуэ. Абы лъандэрэ зы илъэс къызмынэу дызэхуос гупыр. Пэжщ, псори кърихьелІэркъым, арщхьэкІэ диІэпхъуэ щІэсахэм я нэхъыбапІэр докІуалІэ абы, - жеІэ а классым щеджа, Аруан райпом илъэс куэдкІэ хьэлэлу щылэжьа Бэрэзэж Іэуес. - Апхуэдэ ныбжьэгъуГэрэ гулыбтэрэ, Іэфы1ГэрэР хуабагъэрэ зи зэхуаку дэпІу илъэс 60-м щІигъукІэ (абыхэм я1ащу 10-м щІигъум школым дыщІэсащ) дызэдзэгъуэгурыкІуаэу зэрыщытым, шэч лъэпкъ къытедмыхьэу, я фІыгъэ ин хэлъщ егъэджакІуэу, гъэсакІуэу, гъэтІакІуэу диІахэм. Абыхэм ящыщу я1эу и цІэ кІыІуапхъэщ ди класс унафэщІу щыта Чупруновэ Антонинэ Николай и пхъум. Ар дунейм ехьжамки, и фэеплъыр дохъумэ, къыдбгъэдилъхьа щІэныгъэм къыдэкІуэу, къытхилъхьа гъэсэныгъэмкІэ, дызыкъуищ1ри Іуащ1ъэхмкІэ дгъэзэжьынымрэ дыкъуІэкъуэу.

Классыр езыгъэджахэм ящыщу пшыхьым къарагъэблагъат Хьэкъун Дэкуий Хъанджэрий и къуэр. Илъэс 89-м ит нэхъыжьыфІым, зи акъылыр жаным, зи псалъэхэр щэрыуэм, игу къигъэкІыжырт мы гупыр иджыри сабийуэ математикэм зэрыхуригъэджаэу щытар. Абы зэрыжиІэмкІэ, Чупруновэр зи пашэу щыта классым щІэсахэр сабиифІ заущ1эт, унагъуэ хъарзынэхэм къыхэкІауэ, тхылъыр фІыуэ ялъагъуэрэ щІэныгъэм хэупабгъэкъу. Еджэным щыхуэмыхурэ зи гъэсэныгъэкІэ узытеукІытыхьынрэ щІэсакъым абы. Зэклассгъэуу щытахэри хэугумащІэт я нэхъыжьыфІым, езыгъэджахэм ящыщу псэууэ къэна а зы закъуэм и нэгу зэлъыІухам езыхэм я сабиигъуэ Іэфыр иралъагъуэ хуэдэ.

Зохуэс гуапэм къарагъэблагъа хьэщІэ лъапІэхэм ящыщт Къэхъун курыт школым ПІащІыгъуэ блокІам и 60 гъэхэм пионервожатэ нэхъыжьу щылэжьа Езий Дахуэзс. Бэ1ыльугъэ щыпкъэм и гукъэкІыжхэр ятеухуат школым щызэхэта пионер, комсомол зэгухьанысІэхэм я лэжьыгъэм мы классыр дапщэщи жыджэру зэрыкэтам. Гупыр зэдэууэ еджэм и закъуэтэкъым, атІэ зэхьэзэхуэ яхэлъу ирахьэкІырт гъэмахуэ гуащІэдэкІ лъэхьэнэри. Ахэр ящыщт къуажэ хозяйствэм и губгъуэхэм хьэлэлу илэжьыхьэхэм, хьэмым телъ гъавэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ балигъэхэм щІэгъэкъуэныщхуэ яхуэхъуэхэм.

НыбжьыщІэхэм яхэлъа апхуэдэ жанагъри жыджэрагъри иужькІэ гъащІэм сэбэп къаэзрыщыхуэхъужари наІуэхъурт, абыхэм ящыщ дэтхэнэми я гъащІэм урипльэмэ. Къапщтэмэ, зэклассгъэуу щытахэм я нэхъыбапІэр школ нэужькъым лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ ди республикэм, нэгъуэщІ щІыналъэхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курыт щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ щызрагъэгъуэт техникумхэм, училищхэм. Я псэм фІэфІ Іэщ1агъэхэр зрагъэгъуэтауэ лъэпкъ зыужьынигъэм хуэлэжьащ. Псалъэм папщІэ, Берычэт Іэниуар химие щІэныгъэхэм я докторщ, КъБКЪУ-м хьэрышм пыщІа къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ и лабораторэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щытащ. УхуакІуэ Іэщ1агъэр ззэыгъэгъуэта Къэмбэчокъуэ Суфян Іуэхущ1апІэ зэмыл1эужьыгъуэхэм я пашэу лэжьащ, КъБР-м и Парламентым и депутатуи хахащ. Къардэн Анатолий, Хъуэстхэ Къаншокбийрэ Леонидрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, Іэщ1кІэ Зэщ1эузэда Къаурухэм ирапхащ я гъащІэр, аэрэ къулыкъым къыпэрыкІыжа полковникхэщ. Хьэмырзэ Мухьэмэд парт лэжьакІуэ цІэрыІуэу щытащ, ВЛКСМ-м, КПСС-м я райкомхэм инструктору щыІащ, Нарткъалэ АТП-м и парт зэгухьэныгъэм и пашэу, иужькІэ а Іуэхущ1апІэм и унафэщІу лэжьащ. Блана1уэ Мухьэмэд Нарткъалэ дэт химкомбинатым щ1ызэхэт комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, иужькІэ ЖБИ заводым и карьерым и пашэу, щІынальэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управлением и Іэщ1агъэл1 нэхъыщхьэу щытащ. Цомай Мухьэрбий зоотехник Іэщ1агъэр зригъэгъэтри, илъэс куэдкІэ хьэлэлу щылэжьащ «Псыкуэд» совхозым, джэд щагъашхэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» фабрикэм. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм я гъащІэр ирапхащ Езий Юрий, Лу Хьурсиан, Жамборэ Марие сымэ. Фы1ы дыдэу еджахэм ящыщащ Абызэ Майе, Езий Жанузэ, нэгъуэщІхэри. Зи щІэ кІытІуахэм ящыщ куэд ягъэ ІэнатІэ зэмыл1эужьыгъуэхэм Іутщ, нэхъыщІэхэм я щапхъэу, унэтІакІуэу. Нэхъыщхьэраци, классым щІэсахэм къаэхкІащ ц1ыху пэжхэр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зыхэлъхэр.

Школ гъащІэм епха гукъэкІыж Іэфі1эмкІэ хэдзэгъэшащ пшыхьым къекІуэлІахэр, зым и псалъэм адрейм пищэу, зым и гупсысэр нэгъуэщІым нигъэсу. А псори зи нэгу щІэкІахэу пшыхьыр щекІуэкІ курыт школым и унафэщІ Къэхъунащ1э Іэминрэ къуажэм дэт библиотекэр зи Іэмыщ1э илъ Пхъэшх Светланэрэ зэклассахэм екъуэхъуащ яку дэлъ Іэфі1ащІ гулъытэмрэ мыкІуэду иджыри куэдрэ псэуну, къащІэхъуэ щІэблэм я насыпрэ гуфІэгъэрэ яльагъуэ дунейм тетыну.

Пшыхьыр игъэдахащ Макъамэ театрым и солистка, а школыр къэзыуха уэрэджыІакІуэ Къул Фатімэ. Зэ1ущІэр зохуэщІыжащ адыгэ джэгуКІэ. Утыкум зи лъэгу ущІэзыгъэплъу итхэм я ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэхами, я нэгум къищ нэжьгужагъыжмэ зэхуэсым къахилъхьа дэрэжэгъуэмрэ ахэр къыщцигъэхъурт илъэс 17-18-м къихутэжа, иужьрей уэздыкнэр дыгъуасэ къызыхуеуа зи щІалэгъуэхэу. Апхуэдэ зэ1ущІэхэм гъащІэм къыпащІу къыпщохъу, абы и Іэфі1ыр иджыри зэ зыхьуагъэщІэжу, блэкІами урагъэгупсысыжу. Гупым фи зохуэзэр Іуэхугъуэфі1 куэдым я щІэдзапІэ хъуну дэри ди гуапэщ. Куэдрэ ирезу л1эщІыгъуэ ныкъуэ зи кІыхьагъ лъхьэнэм кхьхэ1ыкІ школ уэзджьнэм и макъыр.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Ди псэлъэгъуэр

МАХУЭЛІ Беслъэн: «Дэтхэнэ адыгэри зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжыфын дыхъуным сыщІохъуэпс»

Ди лъэпкъым и блэкІам, и нобэрей гъащІэм, и къкІуэнум егупсыс, «хэкупсэ нэс» псалъэзэр зыхужьІпІэ хъун щІалэгъуалэ ди мащІэкъым адыгэхэм, Тхьэм и фІыщІэкІэ. Апхуэдэ щІалэ жанхэм ящыщщ ди псэлъэгъур. Ар Махуэлі Беслъэнщ, Налшык дэт гимназие №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Іэщ1агъэлІщ. Абы и цІэр фІыкІэ жаІэу зэхэзыльхьэ къалащІэм ди егъэджакІуэхэм куэд яхэткъым. Махуэлі1ыр жыджэру хэтщ, текІуэныгъэхэри къыщІехь къалэпсэ, щІынальэпсэ, урысейпсэ зэпеуэхэм. ЕгъэджакІуэ Іэкъуэльэ1уэм доллъэй и еджакІуэхэри. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ джыныкІэ абыхэм зы1эрагъэхьэ екъуІэныгъэхэм егъэджакІуэ щІалэм и лъэр нэхъри жан хуещІ лъэпкъым и зыужьынымкІэм адэкІи хуэлэжьэным.

ЩІалэ жыджэрым, щІэныгъэ куурэ хьэл-щэн екІурэ зыхьэлъым, иджыблагъэ зыхуэдзэзащ икІи зы1эрытІэнатІэм, и мурадхэмрэ и хъуэпсапІэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ.

- Беслъэн, уи ныбжькІэ ущІалэмри, уэ ущыщщ зи зэфІэкІыр жыжьэ нэс, зи хэкупсэ гупсысэхэр куу щІыхуэхэм. Абыхэм я щІэдзапІэр укъыщалъхуа, укъыщыхъуа унагъуэм щыІэу сыщІохьу.

- Къыпщыхъум и мызакъуэу, ипэжмПІэкІэ аращ лъабжьэ яхуэхъуар си дунейеплъыкІэмкІи си Іуэку бгъэдыхьэкІэми. Шэч лъэпкъ хэмылъу, унагъуэращ къыщежьэр цІыхуэм хэлъыфІыкІэ хъуну хьэл-щэн дахэ псори: лъагъуныгъэри, пщІэри, нэмысри, гуманщагъри, пэжыгъэри. Къыхэзгъэщынщи, ди республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм сыкъыщыхъуащ сэ. Іуащ1ьэмахуэ къызыщыхьэщыт, абы и лъапэм зыщцызыукъуэдия мэзхэмрэ тафэхэмрэ я1эмыжьжьэу щитхъуэкІыІэ Дзэпы-къуэ щІыналъэращ ар. А щІыпІэм и щІыуэпсым и дахагъыр цІыхуэпсэм зыхимыщІэу, ар пкъынэлъынэхэм хэмылъу къызэрыт1эжьфын щІымыІэмэ ярейщ.

А фІыгъуэ псомИ щІыгъужщ сыкъыщалъхуа унагъуэ дахэр, сыкъыщыхъуа Къамылыкъуэ кІуажэр. Си адэшхуэ Жантемыр къэзымыщІыху ди жьлэм дэмысауэ жаІэж. Ар «уей-уей» жежьгъэІэ уэрэджьІакІуэ Іэзэу щытащ. Зэрыбыниллым я нэхъыщІэ сэ ар слъагъуну, абы сыдэпсэуну си насыпкъихьакъым, арщхьэкІэ, къысхуаІуэтэжа хъыбархэм ятепщІыхьмэ, фІы дыдэу яцІыхуу, си нэІуасэу щытауэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІу лэжьащ. Блана1уэ Мухьэмэд Нарткъалэ дэт химкомбинатым щ1ызэхэт комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, иужькІэ ЖБИ заводым и карьерым и пашэу, щІынальэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управлением и Іэщ1агъэл1 нэхъыщхьэу щытащ. Цомай Мухьэрбий зоотехник Іэщ1агъэр зригъэгъэтри, илъэс куэдкІэ хьэлэлу щылэжьащ «Псыкуэд» совхозым, джэд щагъашхэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» фабрикэм. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм я гъащІэр ирапхащ Езий Юрий, Лу Хьурсиан, Жамборэ Марие сымэ. Фы1ы дыдэу еджахэм ящыщащ Абызэ Майе, Езий Жанузэ, нэгъуэщІхэри. Зи щІэ кІытІуахэм ящыщ куэд ягъэ Іэнатіэ зэмыл1эужьыгъуэхэм Іутщ, нэхъыщІэхэм я щапхъэу, унэтІакІуэу. Нэхъыщхьэраци, классым щІэсахэм къаэхкІащ ц1ыху пэжхэр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зыхэлъхэр.

Школ гъащІэм епха гукъэкІыж Іэфі1эмкІэ хэдзэгъэшащ пшыхьым къекІуэлІахэр, зым и псалъэм адрейм пищэу, зым и гупсысэр нэгъуэщІым нигъэсу. А псори зи нэгу щІэкІахэу пшыхьыр щекІуэкІ курыт школым и унафэщІ Къэхъунащ1э Іэминрэ къуажэм дэт библиотекэр зи Іэмыщ1э илъ Пхъэшх Светланэрэ зэклассахэм екъуэхъуащ яку дэлъ Іэфі1ащІ гулъытэмрэ мыкІуэду иджыри куэдрэ псэуну, къащІэхъуэ щІэблэм я насыпрэ гуфІэгъэрэ яльагъуэ дунейм тетыну.

Пшыхьыр игъэдахащ Макъамэ театрым и солистка, а школыр къэзыуха уэрэджьІакІуэ Къул Фатімэ. Зэ1ущІэр зохуэщІыжащ адыгэ джэгуКІэ. Утыкум зи лъэгу ущІэзыгъэплъу итхэм я ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэхами, я нэгум къищ нэжьгужагъыжмэ зохуэсым къахилъхьа дэрэжэгъуэмрэ ахэр къыщцигъэхъурт илъэс 17-18-м къихутэжа, иужьрей уэздыкнэр дыгъуасэ къызыхуеуа зи щІалэгъуэхэу. Апхуэдэ зэ1ущІэхэм гъащІэм къыпащІу къыпщохъу, абы и Іэфі1ыр иджыри зэ зыхьуагъэщІэжу, блэкІами урагъэгупсысыжу. Гупым фи зохуэзэр Іуэхугъуэфі1 куэдым я щІэдзапІэ хъуну дэри ди гуапэщ. Куэдрэ ирезу л1эщІыгъуэ ныкъуэ зи кІыхьагъ лъхьэнэм кхьхэ1ыкІ школ уэзджьнэм и макъыр.

КЪАРДЭН Ритэ.

дзэгубдзаплъэм дэщІыгъуу, си еджэнми кІэльплъар си анэшхуэращ. Иджыпсту хуэдэу си нэгум щІэтщ: шэ кІишагъащІэр зыхикІа си къалмыкъ шеймрэ хэлъу хуабэмрэ хьэзыру сІолым тету сыкъыитэтджыри, дэ тІум хабзэ тхуэхъуауэ, нанэ нэмэзыр ищІыху, сэ зыстхьэщІу сышхэн хуейт. ИтІанэ си унэ лэжьыгъэр къызэгъэпщІытэжырт, къызбгъэдэсу, «пщ1яджьжь акъылкІэ зэ уеплъыжмэ, нэхъыфІщ, си фІыгъуэ» къызжиІэуРэ. Куэд мэхъу сэ нанэ къысхуищІар... «Дауэ уеджа, сытхэр уи Іуэху?» - жиІэу къыспежьэрт, шэлым сыкъыщикІыжкІэ, абы къысх хъыбархэм ядаІуэрт, еджэным сытригъэтщІыхуэу, къаруущІэ къысхуилъхьэу. ЕджэкІи тхэкІи зымыщІэ абы къызжиІэрт си цІэр гаэетым фІыкІэ тету къеджауэ, си хъыбарыфІ дэнэкІи щІэзэпащІысауэ. Апхуэдэущ къызздэгушыІэрт нанэ, си гуукъыдэжьр къиІэту.

А нэхъыжьыфІхэм яхуэфащэщ си адэ-анэу Замирэ Ритэрэ. Абыхэм яухуэфащ щапхъэ зытрах унагъуэ дахэ. Дадарэ нанэрэ я гъэзэгугъэпсэгъуэу, я чэнджэщэгъуэ абыхэм яльэкІащ я быниплІыр: Раметэ, Аслъэн, Людмилэ, Беслъэн сымэ зыхуей дыхуагъэзэу дапІын, щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ дагъэзагъэтын, нэхъыщхьэраци, лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу къытхалъхьэн. Ахэр си гъащІэ щапхъэщ. Адэ-анэм я чэнджэщымрэ ущиемрэщ гъэзгу захуэ дытезыгъэувар. Захуэарэзыщ абыхэм къыпхуащІа псомкІи. Дэри дахуэфэщэн Тхьэм ищІ.

- Уи анэшхуэми адэ-анэми яхуэдэ лъэпкъым ди куэщІ. Ди мащІэр къыхуащІэрэ уэ пхуэдэу фІыщІэ зыщІхэращ. Тхьэм уи уэзщІ, гъэгуру тынщ, захуэ къыуит, апхуэдэу уи гумрэ уи псэмрэ итхьэщІыкІауэ нэхъыжьхэм уаззрыхуащытым папщІэ. Адыгэбзэм нэхъ кууэр уэуеджэнри, ар Іэщ1агъэ пщІынри абыхэм къабгъэзэкІа жэрдэм?

- ПщІы хэмылъу, ахэращ еджэным сыдезыгъэзэхьэхар, лъэпкъ Іуэрыпуатэм гъунэгъу сыхуэзыщІар, анэбзэм и Іэфдагъэр зыхэсщІэу сыкъэзыгъэхъуар. ЕгъэджакІуэ Іэщ1агъэм сехуэапсэми, адыгэбзэм сыхуеджэну си мурадкъым. ИтІани, ди анэдэлъхубзэр сфІэфІыщІэ-хуТепсэлъэхьыт, Беслъэн.

- Сэ дапщэщи сыщІэхъуэпсырт си зэфІэкІым, щІэныгъэм адэкІи хэзгъэхъуну. Си щхьэ ІуэхукІэ Москва сыкІуэн хуей хъуат, зэман кІыхькІэ абы сыщыІэну тэхъуауати, а илъэсхэр си хъуэпсапІэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

2015 гъэм ди щІыналъэм къэзгъэзэжащ. А илъэс дыдэм къыщыщІэдзащ сы-щолажьэ Налшык дэт гимназие №1-м, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэджэ. Къуажэм къыщыхъуэм епІылтмэ, кьалэдэс сабийхэр анэдэлъхубзэм епшэлІэну зэрыпнэхь гугъуэ къызэолъхьэри, сыхущІокъу си дерсхэр щІэщыгъуэу, зыр адрейм емыщхьу зэрызэхэзгъэувэным. Абыхэм я нэхъыбэм лъэпкъ Іуэрыпуатэр лъабжьэ яхуэщІ. Апхуэдэу къыдогъэзэбэзэн егъэджакІуэхэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэм ящыщ. Ди щІыналъэ Іуэрыпуатэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

2015 гъэм ди щІыналъэм къэзгъэзэжащ. А илъэс дыдэм къыщыщІэдзащ щолажьэ Налшык дэт гимназие №1-м, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэджэ. Къуажэм къыщыхъуэм епІылтмэ, кьалэдэс сабийхэр анэдэлъхубзэм епшэлІэну зэрыпнэхь гугъуэ къызэолъхьэри, сыхущІокъу си дерсхэр щІэщыгъуэу, зыр адрейм емыщхьу зэрызэхэзгъэувэным. Абыхэм я нэхъыбэм лъэпкъ Іуэрыпуатэр лъабжьэ яхуэщІ. Апхуэдэу къыдогъэзэбэзэн егъэджакІуэхэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэм ящыщ. Ди щІыналъэ Іуэрыпуатэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

Университетыр 2005 гъэм хъарзынэу къэзуха нэужь, илъэс 4-кІэ сыщылэжьащ Бэтэх къуажэм дэт курыт школым, адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ езгъэджэ. ЗэфІэсх егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щыІэ-кІуэу, а жьлэм къыщызэзгъэщІэн хуейуэ щытащ. Абы щыгъуэ зэхэт «Ныбжьыщ1э хасэ». Апхуэдэу жыджэру дыхэтащ республикэм щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэм. Егъэджэн ныбжьыщІэхэр си дэлэпкъыгъэгъуэу, школым къыщыхэзгІутхагъэ щытащ. Адыгэ музей щыІу. Абы щызэхэтхьэсат адыгэ гъащІэм, щыІэкІэ-псэукІэм епха хъэпшып зэмылІэужьыгъуэ куэд.

Абы щыгъуэ хьэкъуу спхьІкІащ: нэхъыжьхэм жэрдэм ящІмэ, хьэрыфІт къыхалъхьэмэ, нэхъыщІэхэр сыт щыгъуи хьэзырщ жылагъуэ, лъэпкъ, нэгъуэщІ Іуэхугъэм къыбдАІыгъыну. Бэтэхдэз щІалэгъуалэм я ІуэхугъуэхэмкІэ жыджэрагъуэ яхэлъар сощІэжри аращ, анэдэлъ щыІыжьсІэр. ПашэфІ уиІэмэ, Іуэхуфі куэдри пхуэлэжьынущ.

- Апхуэдэ жыджэрагъыр лъэныкъуэ куэдкІэ зэрыпхэлъым сыщыгъуазэщ сэ: уи щІэныгъэм Москва щыхэбгъэхъуащ, хэкум къэбгъэзэжа нэужьи, уэри уи гъэсэнхэм я щІэхэри фІыкІэ щІэх-щІэхьыурэ кьоІу. А Іуэхугъуэхэм тІэкІу къытхутепсэлъыхьыт, Беслъэн.

- Сэ дапщэщи сыщІэхъуэпсырт си зэфІэкІым, щІэныгъэм адэкІи хэзгъэхъуну. Си щхьэ ІуэхукІэ Москва сыкІуэн хуей хъуат, зэман кІыхькІэ абы сыщыІэну тэхъуауати, а илъэсхэр си хъуэпсапІэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

2015 гъэм ди щІыналъэм къэзгъэзэжащ. А илъэс дыдэм къыщыщІэдзащ щолажьэ Налшык дэт гимназие №1-м, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэджэ. Къуажэм къыщыхъуэм епІылтмэ, кьалэдэс сабийхэр анэдэлъхубзэм епшэлІэну зэрыпнэхь гугъуэ къызэолъхьэри, сыхущІокъу си дерсхэр щІэщыгъуэу, зыр адрейм емыщхьу зэрызэхэзгъэувэным. Абыхэм я нэхъыбэм лъэпкъ Іуэрыпуатэр лъабжьэ яхуэщІ. Апхуэдэу къыдогъэзэбэзэн егъэджакІуэхэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэм ящыщ. Ди щІыналъэ Іуэрыпуатэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

2015 гъэм ди щІыналъэм къэзгъэзэжащ. А илъэс дыдэм къыщыщІэдзащ щолажьэ Налшык дэт гимназие №1-м, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэджэ. Къуажэм къыщыхъуэм епІылтмэ, кьалэдэс сабийхэр анэдэлъхубзэм епшэлІэну зэрыпнэхь гугъуэ къызэолъхьэри, сыхущІокъу си дерсхэр щІэщыгъуэу, зыр адрейм емыщхьу зэрызэхэзгъэувэным. Абыхэм я нэхъыбэм лъэпкъ Іуэрыпуатэр лъабжьэ яхуэщІ. Апхуэдэу къыдогъэзэбэзэн егъэджакІуэхэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэм ящыщ. Ди щІыналъэ Іуэрыпуатэр нахуапІэ хъунми хуэзунэтІащ. Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым сыщІэтІысхьэри, ар екъуІэныгъэкІэ къэзухащ икІи абы сыщылэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. А илъэсхэм куэд къызатащ бэзм, дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ сахуэхъунымкІэ.

Апхуэдэу илъэс 14-18 хъу ныбжьыщІэхэр гъэмахуэм и кІуэцІкІэ лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынми гулъытэ щхьэхуэ игъуэтынуц. Апхуэдэ Іуэхугъуэм къызэщІиубыдэнущ ныбжьыщІэ мини 4-м нэс.

А псори хуэунэтІащ ныбжьыщІэхэм загъэпсэхуауэ, я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хагъэхъуауэ гъэмахуэ мазэхэр ягъакІуэу ящ еджэгъуэщІэм щІадзэжьыным.

ТАМБИЙ Линэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гулъытэ щхьэхуэ зыхуащІынухэр

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщынымрэ мы лъэхъэнэм дэнэкІи гулъытэщхьэ щрат. А Іуэхум теухуа лэжьыгъэ щхьэпэхэр щокІуэкІ ди республикэм.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым къыхэкІыу а Іуэхугъуэм 2018 гъэм трагъэкІуэдэнущ сом мини 167788,1-рэ. Гъэмахуэ мазэхэм яриубыдэу санаторэхэм зыщагъэпсэхуну щыта сом мин 13-м нэсым. Апхуэдэу республикэм и щІыналъэ псомИ щылэжьэнущ, гъэмахуэ лагерхэр. Ахэр къыщыхэзІыах курыт школхэм, сабий гъэсапІэхэм. Мэкъуаугъуэ мазэм апхуэдэ зыгъэпсэхуп1э 25-рэ щылэжьэнущ ди щІыналъэм. ЦІыкІухэм я зыгъэпсэхугъуэм тещІыхьауэ егъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэхэм программмэ хэхахэр щаубзыхуащ, абыхэм япкъ иткІэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІынущ. Абыхэм къыщыгъэльагъуащ сабийхэм драгъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр - я нэгу зегъэужьыныр, я къуэхым, зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнри, эстетикэ, хокупсэ гупсысэхэм хуэущинри. Пагерхэм зыщагъэпсэхуну щІэхьэгъуэ мини 7-15-хэм ит школакІуэхэм. Апхуэдэу егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм ярит тхылъхэм япкъ иткІэ, сабий куэдым я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэнущ лагерь зэмылІэужьыгъуэхэм, санаторэхэм. Зи адэ-анэхэр лэжьапІэ Іэнатіэ Іымыт, бынунагъэушхуэхэм, зи Іуэху хуэмыща унагъуэхэм къахэкІа сабийхэм, адэ-анэм я нэІэм щІэмытхэм, сабий зеинщэхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащІынущ.

Махуэрылажьэ лагерхэм я лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным хухахащ сом мелуани 4-рэ мин 600-рэ. КъынэмыщІауэ, сом мин 916-рэ хуауІыпІщынущ. ТворчествэмкІэ сабий академие «ДыгъафІэ кьалэм» сабийхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ, ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм зыщрагъэужь, унэтІынныгъэ зыбжанэгъэ зэщхьэщыхуэуэ щыта гупхэр щыгъэльэжьынм.

Апхуэдэу илъэс 14-18 хъу ныбжьыщІэхэр гъэмахуэм и кІуэцІкІэ лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынми гулъытэ щхьэхуэ игъуэтынуц. Апхуэдэ Іуэхугъуэм къызэщІиубыдэнущ ныбжьыщІэ мини 4-м нэс.

А псори хуэунэтІащ ныбжьыщІэхэм загъэпсэхуауэ, я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хагъэхъуауэ гъэмахуэ мазэхэр ягъакІуэу ящ еджэгъуэщІэм щІадзэжьыным.

ТАМБИЙ Линэ.

● Псапащ1э Іуэхуэр

«Сабийхэм гуфІэгъуэкІэ дахуэвгъэупсэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэ зиІэ зэхьихьэ гуапэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ Аруан щІыналъэм. «Планетэ» Щэнхабзэмкіэ уардэунэм щекІуэкІа а псапащІэ Іуэхугъуэм и жэрдэмщІакІуэт КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, щІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу ядэІэпыкъунымкІэ и центрым Аруан районым щиІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Хьэутий, щІыналъэ администрацэм опекэмрэ попечительствэмкІэ и къудамэм и пашэ Гуровэ Ольгэ, «ЩІэблэщІэ гвардие» Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Аруан щІыналъэм и къудамэм и унафэщІ Ерчэн Хъусен сымэ.

ГУФІЭГЪУЭ зэхьихьэм къарагъэблагъа хьэщІэ нэхъыщхьэхэм я ящыщт адэ-анэ зыщцхэщымытыж, абыхэм я нэІэм щІэмыт сабий 45-р. Абыхэм гуапэу ехъуэхъуащ Къуэдзокъуэр.

- Ди псэм хуэдгъадэ, фІыуэ тлъагъу ныбжьыщІэхэ. Нобэ фэр папщІэ балигъэхэм къызэдгъэпэща гуфІэгъуэ зэхьихьэм фи гукъыдэжьр къыІэтыну, фи псэ къабзэ ц1ыкІухэм дэрэжэгъуэ яритыну дыщогугъ, - къыхигъэщащ абы. - Сабиигъуэр гъащІэм и пІэхъэнэ нэхъ Іэфі1хэм ящыщщ, а щІэблэм сабий фІыкІэ фигу кьинэну. Уэзышагъэ, ехъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ куэд фиІэну дыныбвохъуэхъу.

Къуэдзокъуэм и псалъэр дагъэІуу зэхуэсым къыщыщІэпсэльащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэмкІэ и министрым и зэдзэпІэ **Романовэ Еленэ, Гуровэ Ольгэ, Ерчэн Хъусен,** Аруан районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Атэлыкъ ФатІимэ**, Нарткъалэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Батий Исмэхьил**, ерэзэджьныгъэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэм и пашэ **Жэрэщты Олег**, районым щылажьэ сабий фІыкІэ фигу кьинэну. Уэзышагъэ, ехъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ куэд фиІэну дыныбвохъуэхъу.

Къуэдзокъуэм и псалъэр дагъэІуу зэхуэсым къыщыщІэпсэльащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэмкІэ и министрым и зэдзэпІэ **Романовэ Еленэ, Гуровэ Ольгэ, Ерчэн Хъусен,** Аруан районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Атэлыкъ ФатІимэ**, Нарткъалэ щІ

● Жы1эгъуэхэр

Адыгэл1 и псалъэ епц1ыжыркъым

♦Факъырэми насыпиф1эу зыкъелъытэж, и къэлътмакъым из щ1ыхъуам деж.
♦Къазшырыфэ бостей къилъыхъуэурэ, къазым и фэм зихъуэжащ.
♦Щ1хъэгъуэсу къэпшэнум уепсэлъэныр дагъуэ хуэпщ1ынымк1э къыщ1умыдзэ.
♦Шы къарэ дахэ мыжэ нэхърэ - жагъэф1 зи1э алащэ къэбыф1эжь.
♦Ц1ыхум и гум удыхьэн папщ1э, абы и бгъэр зэгуэбгъэжын хуейкъым.
♦Шы джалъэм гъуэгуанэшхуэ къызэпичауэ арщ, ц1ыху джалъэм и гъащ1э гъуэгуанэр ихакщ.
♦Къыпхуэмейм уемылъэ1у - уи щхьэр пуд хъунщ.
♦Ерыскъык1э къэпхь гуэныхьыр гуэныхь псом я лейщ: ар жыхьэнмэ дакъэжь мафэщ, ар зэи пхуэпшыныжынукъым.
♦П1хъу зи1эри мэгузавэ, къуэ зи1эри мэгузасэ: пхъур яшэри пык1ащ, къуэм къишэри хэк1ащ.
♦Адыгэл1 и псалъэ епц1ыжыркъым.
♦Жьым утесми, псым уемыпыдж.
♦Уи л1ыгъэр къэбгъэлъэгъуэн папщ1э, зауэ Iэнат1э ухуейт1э?
♦Бжьэ зи куэдым фор и хьэщ1э шхынщ.
♦Ц1ыху бзаджэм уебзэрабзэк1э, и бзэр I эф1 пхуэщ1ынукъым.
♦Куэд зымыгащ1эу куэд зылъэгъуа.
♦Напэ хужь - гу ф1ыц1э.
♦Зи щхьэр уз Дизыкъужэ гуф1эрт, узын илъщ си щхьэм жи1эри.
♦Екъуапсэри, архъуанэм хэлъащ, жи.
♦Къапл1ынэф нэхърэ - псори зылъагъу хьэфиз.
♦Л1эужьыр бжьибл1к1э мауэ жа1э, ат1э сыт л1ыф1 къуэф1 щ1ыхъуэмыщ1ыр?
♦Акъылыр ц1ыхум и лъагагъым елъытакъым.

К1УАНТ1Э Iэзид.

ГЪУК1Э Маринэ

Ф1ыуэ слъагъум и нэ щ1ыхухэр

Новеллэ

Л1ым зыдгъэлъагэ пэтми,
Я лъэгуажьэм ди жьак1эр нэскъым...
Агъонкъуэ Пашэ.

ДУНЕЙМ зауэ мыхъумыщ1эу тетам я бжыгъэр зыми ищ1эжыркъым. Абыхэм ц1ыху дапщи хэк1уэда?! Ауэ ахэр зыми щыщкъым, ц1ыхубзым къуищ1ыл1а зауэм елъытауэ. Абы и бийуэ уигъэувамэ - уи Iэр Iэтауэ утыку ихьэ, дауэ имыщ1ми - къэптек1уэнущи. Ц1ыхубзым куэд хуэзф1ок1! Наполеон, Гитлер сымэ сытым щ1ыщхэ, абы ельытауэ?! Тхъэ фхуэс1уэнщ, ахэр ц1ыхубзу щытамэ, тек1уэныгъэр зэрал1энумк1э! Уеблэмэ, иныжьри къишэнщи уи пащхьэм къыщигъэфэнщ. А псор зэрищ1энури - пыгуф1ык1ыурэщ...

Уэ, дауи, ар пщ1эркъым, ахъумэ, си пащхьэм апхуэдэу зыбг3эпагэу уисинтэкъым. Уэ утопсэлъыхь лъагъуныгъэм, ауэ ар уи дежк1э хамэу жыбол3. Си гум хуабагъэ гуэр зэрыпхуил1ыр къэпщ1ащи, ди джэгум щ1ытепщэр узрауэ къыпщохэу.

Сэ уэзпыз3удкъым, къэсакъым идж1ыри си «к1уэгъуэр». Уи нэ щ1ыхуит1ым сыщ1эплъэн сф1эф1щи, сыпогуф1ык1ри сыщ1ысщ.

- Сщ1эркъым сэ лъагъуныгъэ жыхуаIэр, - жыбол3 уэ. - Ар хуэмыхуэм къагупсыса Iуэхугъуэщ. Пщ1э хуэпщ1мэ, уигу къэк1мэ - араквъэ лъагъуныгъэ хъужри?! Абы псалъэ л1ей хуейкъым. Сэ сыкъапщтэмэ, апхуэдэ Iуэхугъуэкъмк1э сыпхуэзубыдынукъым. Сыхьиф1адзэкъынщ жыс1эуи сыгузавэркъым. Уэри ухуитщ к1ыхьэпхьнумк1э, сэ зыри хэзг3эзэхьыркъым. Зэи зыми къыкI3тъыжыхьынукъым... Си хьэлри шэчыгъуаф1экъэшм... Ауэ зысхъуэжыныр зызг3эхьэзыркъым. Егупсыс, сызэрыщ1тым хуэдэу укъыскхуэмеймэ, ар уи Iуэхужщ...

Уи псалъэкъэм зыри пэдзыжакъым. Сытк1э сыхуеят сэ а псалъэ л1ейкъэм, уи нит1ым псорн къыщ1ыжжалак1э?! Абыхэм куэд щ1ауэ зыкъызагъэщ1ащ сэ.

Ауэ, ит1анэми, мы зэпеуэм щытек1уар нал1уэ сщ1ыну сыхуейщ. Уэ уздэпсалъэм, зэуэ си щэнтым зыкъытызол1этык1.

- Дэнэ уздэк1уэр?! - укъэгузвауэ укъызоупщ1 уэ.

Хуэмурэ сот1ысхьжри, сыпхуогуф1э:

- Тыншу сыпт1ысауэ араш...

Иджыпстуриуэ Iуэхугъуэм къик1ыр т1уми къыдгурыл1ауэ дызоплъыж.

- Ей, уэри уэ! Сыту убзаджэ-т1э, - удыхьэшхыурэ жыбол3. Сэри уи нэ щ1ыхуит1ым гу щ1ымыхуэжу соплъ...

Сф1эф1щ апхуэдэу къ1ущ1ызжеIэм деж...

● Псалъэжьхэр

Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь

✱Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щ1ыл1ыхъужьщ.
✱Жа1э псор къэхъуркъым, къэхъу псор я1уэтэркъым.
✱Яхуэмыущий ущиенк1э Iэзэщ.
✱П1ы I эф1 нэхърэ - пэж дыдж.
✱Мэжэщ1ал1эм дыгъужыр мэзым къ1ущ1ех.
✱Зы къэрабгъэм дзэ псор егъэк1уэд.
✱Щ1эблэр бгъасэмэ - къыпхуэсакъынщ, бгъэсэхъумэ - лъабжьэк1э уихынщ.
✱Нэхъыщ1эф1 зэхъул1эр жыщ1ъхэ махуэщ.
✱Ахъшэр пшахъуэщи, гъащ1эр пц1ашхъуэщ.
✱Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь.
✱Уи адэ къошхыдэк1э, зумыгъэгусэ, уи анэ къыпщ1ытхъук1э, зумыгъэсэхъу.
✱Iуэхук1э умыгъэнэхуар пц1ыхуу жумыIэ.
✱Къарум къ1ухуэмыIэт куэд акъылым хуэзф1ок1.

● Гушы1эхэр

Нэхъ Iэф1 с1ухуакъым

Зэкъуэшищ хъурти, зэхэсу псэухэрт. Я щхьэгъусэхэр ч3зуу3 пщ1ар1эрт. Арати, зэгуэрым Iэнэм къытрагъэувэ шхыным зэшищыр бгъэдэт1ысхьащ.

Хабзэк1э ипэ хэ1эбэн хуейр нэхъыжьыратэ, хэ1эбэри, зы дзэкъэгуэу иригъэхащ:

- Мыр сыту I эф1ынш3, хьэ1уси ящ1ыркъым мыпхуэдэу I эф1ынш3у. Хэт нобэ пщэфIар? - жи1ащ.

Нэхъыщ1эр къэпсалъэри:

- Уи щхьэгъусэращ нобэ пщэфIар, - жи1ащ.

- Алыхьыр согъэпц1, мыбы нэхъ I эф1 игъащ1эм с1ухуам, щ1ут1 жыжьмы1эу фышхэ! - жи1ащ, зыкъыз3ридзэк1ыжри.

П1астэ щ1ык1э з3гъащ1э!

Сэхьид Набдзэшхуэк1э еджэу Хьэжрэтым зы ефэндышхуэ щ1ыIэт. Абы илъэс къэс Къэбэрдей, Адыгеймри, е3ы Хьэжрэтми щ1ыщ сохъутэхэр иригъаджэрт.

Апхуэдэу гъэ еджэгъуэм з3хуэса сохъутэхэр, нэхъыф1у зригъэщ1ыхун щхьэк1э, з3дигъэшхэну I энэ къ1ахуищтащ. З3рыхабз3ти, е3ыр ипэ хэ1эбэри - п1астэр щ1ынэт.

- Уа ц1ыхуб3, мыдз къак1уэт, - жи1эри, и унэгуащ1эр иридж1ащ.

Фызыр къ1ыщ1ыхьащ.

- Мы щ1ал3хэр си деж къ3ыщ1ык1уар еджэну, ямыщ1э зрагъэщ1эну арац... Уэри ди гъунэгъум ук1уэурэ п1астэ щ1ык1э з3бгъащ1эмэ, сыт хъунт? - жи1ащ Сэхьид Набдзэшхуэ.

КЪАРДЭНГЪУЩ1
Зырамыку.

● Л1ъэпкъ щ1эныгъэл1 пэрытхэр

Техникэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, «Диатех» компаниемрэ и вице-президент Шыхъуэстэн Владимир и з3фIэк1 лъагэр къэрал куэдым къыщал3ытэ.

● Л1ъэпкъ шхыныгъуэхэр

К1эртIофрэ кхъуей ц1ынэрэ зыдэлъ дэлэн

Фэ темылъу гъэва к1эртIофыр яг3упщ1ы1у, кхъуей ц1ынэр тыкъыр ц1ыкIуурэ з3ауплщ1. А псори лыхьэжым щабэу щ1ат3эк1, тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгу, шыбжий, джэдгын хал3хьэ, фIыуэ з3хат3ззэрыхь. I эшк1э ящ1ри яг3т1ылъ. И т1анэ пщагъэ зыхэлъ тхъэ яху, абы к1эртIофэ I эшк1э тралъхьэ, тхъэв к1апхэр з3к1эрагъэпщ1эжри, хупхъэк1э хуурейуэ яху, и I эвагъыр см 2 хуэдизу. Дагъэ зыщ1ыхуа тебэм иралъхьэри, захуэ я щ1ык. И кум сапэк1э гъуанэ хуащ1, хьэкулъэм ирагъэувэри хьэзыр хъуху, дакъикъи 10 - 11-к1э, я г3ажьэ. Тебэр къытрахыж, дэлэнм тхъуц1ынэ щ1ахуэ, I ыхьэурэ з3папупщ1ри хуабэу я ш3х, шатэ и г3уэсу.

Хал3хьэхэр:

Тхъэвым:
г3эдз хьэжыг3эу - г 400,
псыуэ - г 200,
пщагъэу - г 10,
джэдык1эу - ныкъуэ,
фошыг3уу, шыг3уу - узыхуейм хуэдиз.

Дэлэнм дэлъынур:
к1эртIофэ укъэбзауэ - г 600,
кхъуей ц1ынэу - г 400,
бжьын ц1ынэу - г 100,
шатэу - г 200,
шыг3уу, шыбжийуэ, бурш3у, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз,
дэлэн жьам щ1ахуэ тхъуц1ынэу - г 30.

Сэкуу хьэлыуэ

Х3гур ял3эс, кхъуэанэм ирак1ут3ри яг3ьжэпхъ, щ1ал3эпщ, шыуаным тхъу ирал3хьэри градуси 110 - 120-рэ х3ухуу къаг3эпл1ъ. Абы х3гур хак1ут3ри, чымчыркI3 з3ла1эщ1эурэ дакъикъи 8 - 10-к1э, дыщафэ къытеуэзу, яг3эл1ыг3уэ. И ужькъ1э фоупс щ1ак1э, з3ащ1эурэ аргуэру дакъикъи 6 - 10-к1э яг3ажьэри, I ув мэхъу. Хьэлыуэ пщтырыт тхъу зыщ1ыхуа I энэм тралъхьэри, см 1,5-2 и I ув3ар1ыу яуб3. Т1эк1у яг3эупщ1ы1у, сапэк1э п1э ирагъэщ1ри диипа нэужь, з3пащ1ык1ыж.

Хал3хьэхэр:
тхъуу3 - г 40,
х3гуг - г 110-рэ,
фоуэ - г 70.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхыжащ.

● Фэ фщ1эрэ?

Псалъэхэм я мыхьэнэр

Шэсу увын. Жылагъуэ з3хэтык1эм ехьэл1ауэ адыгэхэм къадек1уэк1ы1у щ1ыта хабзэщ. Ды1агъэ з3ел1эныхь л3эныкъуит1ым щ1ыхэту къагъэув ещанэ щ1ыхум щхьэк1э «шэсу уваш» жа1э. Щ1ыз3гурыIуар л3эныкъуэхэм я щ1ащ1эм зыми имыгъэщ1эжмэ, а I эхэр з3эфIгъэк1ыжын хуейуэ шэсу увам и пщэм къ1дзхуэжырт. Апхуэдэу къэмыхъун щхьэк1э, шэсу увар т1кIийуэ к1эл1ыпл1ырт ды1агъэ з3ззыщ1ыпл1ахэм я псалъэр з3ра1эпэжым.

Шк1ахъуэ тыхь. Л3эжьыгъэм, жылагъуэ з3хэтык1эм ехьэл1ауэ адыгэхэм яг3эзащ1эу щ1ыта хабзэщ. Гъэрэ щ1ырэ щ1ызэхэк1 махуэм къуажэдэсхэр з3хьхьэрти, къуажэ шк1ахъуэм зы шк1э иратырт. А хабзэм «шк1ахъуэ тыхьк1э» еджэрт.

Шурылъэс. Адыгэ фызышэм хэта джэгук1эщ. Нысашэр пщ1ант1эм къ1ыдыхьэжа нэужь, щ1ал3гъуэлэм гупитIу загуэшырт. Зы гупыр шым тест, адрейр л3эст. Шухэр нысащ1эр з3дыщ1ала унэм щ1ыхьэну яужь итт, л3эсхэм ахэр щ1агъэхьэртэкъым. Л3эныкъуит1ми I эщ3 папщ1эу бзыф, чы я1ыгъыт «з3зэуэхэрт». Нысащ1эр зыщ1эсым я ф1ыщ1ыхьа шум фадэбжь3 иратырт, щ1амыгъэхьамэ, л3эсхэм къ1ахэжанык1ам ар л3агъэсырт. Шурылъэсым щ1ал3гъуэлэр л3эрызехьагъэм, псынщ1агъэм, I эмалым хуигъасэрт.

Хабзэр к1уэдыжащ.

Шхэмылак1э убыдыпщ1э. Жылагъуэ з3хэтык1эм, л3эжьыгъэм ехьэл1а хабзэм ел1а терминщ. Щ1ал3 ц1ыкIум I эуху ищ1э хъуауэ губгъуэм ич1ыгъ. Щ1ал3 ц1ыкIум I эуху ищ1э хъуауэ губгъуэм зы ч1ыгъ. Ар щхьэмылак1э убыдыпщ1эт, абы щ1ыгъуэт ирапхэ къ1ыщ1ут1ыпщ1ыжыр. Щ1ум хабзэр игъэзэщ1а нэужь, щ1ал3 ц1ыкIур хуит хъурт хъ3щ1эхэр шым къ1ригъэпсыхыну игъэшэсыжыну.

ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз

Ек1уэк1ыу: **5**. Пщ1ыхьэпIэ зыл1ъагъуам и1уэтэжа нэужь, « ... ухъу» жа1э хабзэщ. **9**. Купсэ кунэщ1 зи1э удз. Щ1ыпIэ куэдым къ1ыщок1, ц1ыхухэм яукъэбзурэ яшх. **10**. Ц1ыхубзым, бзыл1хъугъэм зэредж3 нэгъуэщ1ыц1э. **11**. Зи пхъафэр хужьыфэ, зи тхьэмпэ ц1ык1уэр бжьыхьэм дыщафэу гъ3жь хъу жыг. **12**. Бжьэхъу яхуэмылажьэ. **13**. Псэхэлъхьж. **14**. Iэпсл1ъэпсым щ1ыщ. **16**. Псым и адрей л1ъэныкъэмк1э къыщ1ыл1ыщ1ыпIэ. **20**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащ1э ц1ыкIу. **21**. Я1эуэ къапшэр уи фыщ3, ет1уанэм ... **22**. Нартыху хъумапIэ. **23**. « ... и пэ псэр ихуэ». **24**. Пк1эуэ, л1ъуэ къ3зык1ухь псэущхьэ ц1ыкIу. **26**. Выр з3ры щ1ащ1э пхъэ. **29**. Хугу хьэжыгъэм, тхъущ1ынэм, фошыгъум къ1ыхэщ1ык1а адыгэ шхыныгъуэ: нэхъыбэу щ1ащ1ыр гуф1эгъуэ, гуз3вэгъуэ I эхъухэм дежщ. **32**. «Ин» псалъэм и п1эк1э ари къагъэсэбэп. **35**. Пхъэм къ1ухэщ1ык1а кумбыгъэшхуэ, псы пэгун зыкъом ихуэу. **36**. Дон псым адыгэхэр з3редж3р. **37**. Нэр темыпы1эу ежэх псы.

Къехьу: **1**. Пхъэ бжэмышх ц1ыкIунитIэ - нэхъапэхэм абык1э джэдык1э гъэва ирашьуэ щ1ытащ. **2**. Куэд зигу изыубыдэф ц1ыху. **3**. Яф1эгъэныхь хъу ц1ыхум щхьэк1э апхуэдэу жа1э. **4**. Бразилием щек1уэк1а дунейпсо олимп з3хьэз3хуэхэм дыщэ медаль къ1ущ1ыхьа адыгэ щ1ал3. **6**. Пщэ гъ3м. **7**. Дан щэк1 п1ащ1э. **8**. И ч3зум къ1ущ1умыч1мэ, нащ3р ... мэхъу. **14**. Ц1ыхур а псэущхьэм къ1ытехъук1ауэ жа1э, куэдым ямыдэми. **15**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхубэ тхак1уэ. **17**. «Нэгъуэщ1 щ1ал3хэмк1э уемыплъэк1», «Нусэ», «Уи к1эсинк1эр», «Мылиц3 щ1ал3м и уэрэд», «I эщ1ыхуэ уэрэд», «Уэ ипл1ал3щ» жыхуиI э уэрэд з3ры щ1ырыуэхэр з3уса. **18**. Къуажэдэс унагъуэ куэдым я щ1ымахуэ гъ3т1ылъыгъэхэр, щ1ыныгъэхэр абы щ1ах3ымэ. **19**. Пасэрей зауэл1 джанэ, гъущ1хъарым къ1ухэщ1ык1а-уэ. **25**. ТепIэнщIэлъыным щ1ыщ. **27**. Дзыгъуэр зи шхыныгъуэхэм щ1ыщ жэщ къ1ual3бзу п1ащ3. **28**. Гъавэ щ1ал3 I эхэм, псом хуэмыдэу хьэц3пэц3м, къ1ухэк1э удзыжь щхьэ гъ3жь. **30**. З3рышагъащ1эхэм я пэш. **31**. Гъуэгуанэ к1ыхь теуваэхэм, мыз3ышн папщ1э, абы пк1эл1ей «ирадз» хабзэщ. **33**. Пасэм адыгэм абык1э я унащ1эр яг3эбыдэрт. **34**. ... хиса жыгыр мэг3у.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэкъуауэг3уэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ек1уэк1ыу: **3**. Аргуэ ей. **6**. Гъущ1ыпIэ. **8**. Бэшэч. **10**. Къ3ды. **11**. Дыг3ужь. **12**. Iупщ1э. **14**. Iужажэ. **16**. Гъасэ. **20**. Иныжь. **21**. Баш. **22**. Урым. **27**. Къ3ныжь. **28**. Марат. **29**. Епэр. **30**. Лэг3уп. **32**. Гупыж. **34**. Набжэ. **35**. Лэдзх. **36**. Елгъэр.

Къехьу: **1**. Балъкъ. **2**. Фэбжь. **4**. Емынэжь. **5**. Пшэ. **7**. Щ1ыдагъэ. **8**. БжьаIэу. **9**. Чэтэн. **13**. Пашинян. **15**. Армавир. **17**. Сэрмахуэ. **18**. Ужьэ. **19**. Ауэ. **23**. Бжьапц1э. **24**. Амман. **25**. ЩтапIэ. **26**. Бейгуэл. **30**. Лулэ. **31**. Абдж. **33**. Журт.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФ1Ы Щ1Э Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэк1эмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къанщокъуэ Эл1эн** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; хабзэхъуэ Iуэхуущ1апIэхэм яд3лжьэнымк1э - 42-60-53; з3ушыгъэр хъуэныныр экологиемк1э - 42-22-89; е3ъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; з3дзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I энат1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къ1ущ1ыхьа бжыгъэхэм, къ1ущ1эта I уэхугъуэхэм я пэжагъымк1э аз3р зытхаз3м и3су жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я I уэху еплъык1эр з3пытy щытк1ым.

Газетыр I э тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъыц КъБР-м федеральнэ пощт з3пыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаз3м и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынал3э I уэхуущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елъэныхэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Жьэк1эмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щ1ощхэн Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (3, 5, 6-нэ нап.). Компьютерк1э газетым и теплъэр яущащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елъэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I энат1эм щагъэхьэзыр ащ.
Газетым I э тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №624

«Сыт пхуэсщ1энур, сигу?»

● Зы уэрэдым и хъыбар

МЫ УЭРЭД дахэ дыдэм л1ьабжьэ хуэхъуар къэсщ1эну абы и псалъэхэр зи I эдакъэщ1эк1 Бещтокъуэ Хьэбас зыщ1ыхуэзг3ззэм, къ1ыжи1ащ Саратов къалэм дзэм къ1упык1у щ1ищ1эу щ1ы1эу 1963 гъэм уэсэр зэритхар. Дэтхэнэ зыми къ1ухиухуэу къ1ущ1эк1ынщ фIыуэ и ильагъу ц1ыхур фIэк1уэдамэ, адэк1э мыпсэужьыфыну къ1ущ1ыхъуэ. Ауэ зэрыхилъхьар, гукъинэжу зэригъэзэщ1ар арагъэнщ а уэрэдыр жа1эну нэгъуэщ1хэр щ1ытемыгушхуэр.

К1УНТ1Ы Щ-ХЬЭПЦ1Э Аннэ,
КъБР-м щ1ыхь зи1э и журналист.

* * *

Сыт пхуэсщ1энур, сигу,
усфIэтхъэмыщк1эщ,
Сыт I эмалк1э сэ уэущинн?
Си1ажамэ зыгу сэ уэр нэмыщ1к1э -
Дауэ сщ1ыми, уэут1ыпщ1ыжынт.

Сыт пхуэсщ1энур, сигу, усфIэгуэныхьщ уэ.
Си бгъэ зэвым уимыхуэу уопсэу.
Сыдыхьэшхыу л1ыгъэм сэ зезгъэхьми,
Имыщ1эххэ дызыхуейм а псор.

Уэ узыхуэпабгъэр умылъагъуми,
И гъунэгъу ухъуамэ, упсэхунт.
Е, насыпи уи1амэ, фIыуэ пльагъум
И гум убгъурылъу укъалъхунт.

ДУМЭН Хьэсэн.